
 RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saban 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris;
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan admini-
 stratie.
 Hoofdredacteur:
 A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saban dinten Djoemoewah. ==

 REGNIPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taoen f 6,— } njoewoen kabajar
 1/2 " f 3,— } roemijin.
 3 woelan f 1,50 }
 Adresipoen Redactie lan Administratsi.
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Telefoon no. 795.

 Drukkerij „Canisius” Djokja.

ONDERWIJS.

GOEROE DOESOEN — MISSIE.

Gampil tepangan.

Manoet pemanggih koela, goeroe doesoen poenika langkoeng gampil tepangipoen kalijan tangga tepalih tinimbang kalijan goeroe-goeroe ingkang wonten kita; semanten waoe toemrap sadèrèk ingkang loewes dateng pitepangan.

Amargi manoet pemanggih koela, wateking manoenisa poenika kabekta saking dedasaripoen; dedasar waoe toemrap satoenggal-satoenggalipoen tiyang béda-béda, wonten ingkang grapijak soemanak, andap asor lan merak ati toewin sanès-sanèsipoen, ingkang satindak tandoekipoen saged damel sengseming sanès.

Wonten oegi ingkang boten ka-
 doenoengan watek ingkang makaten
 malah kepara kosok-wangsoel.
 Toemrap tiyang ingkang saged toer
 sentosa ing kadjeng, temtoe saged
 angsal sarana, ingkang saged andja-
 lari kadjengipoen pitepangan kalek-
 sanan. Nanging kasagedani poen
 goeroe doesoen sadaja kénging karatjak
 kirang, didikan dèrèng toemandjem.
 Boten kirang-kirang ingkang ki-
 rang merlokaken dateng wadjab,
 malah remen dateng plesiran lan
 prakawis sanès ingkang boten preloe;
 dados ateges dèrèng gadah kadjeng
 njamboet damel amrih koentjaraning
 sira lan sanès-sanèsipoen.

Kirang kasagedan: ketjeta manawi
 mregoki prakawis koewadjab lan
 sanès-sanèsipoen ingkang preloe
 toemrap pijambakipoen asring bi-
 ngoeng oetawi namoeng sambat.
 Gampil tepang kalijan sadèrèk,
 poenika toemrap Missie pantjèn per-
 loe, amargi badé gampil noelaraken
 poenapa ingkang dados toedjoening
 Missie dateng tiyang waoe.

Nanging manoet kawontenan sa-
 mangké tebih saking makaten amargi
 babaoening Missie ing doesoen²
 taksih kekiranng: dados wadjab
 dipoendjangkepi.

Didikan ingkang katampi.

Goeroe doesoen poenika radi-radin
 wedalan angka 115 taoen lan cursus
 2 taoen, dados tampi woelangan
 salebetipoen 7 taoen. Sadintenipoen
 5 1/2 tansah kaeolat-oelataken déning
 goeroe; mangka moerid poenika
 limrahipoen tandoekipoen toemrap
 dateng goeroe kalijan tiyang sepeh
 béda sanget. Kalijan tiyang sepeh-
 ipoen pijambak limrahipoen kirang
 mitoeroetipoen; poenapa déné tiyang
 ratjak-ratjak dèrèng njoemerepi pra-
 kawis panggoela-wentah, dados
 panggoela-wentahing goeroe badé
 sekedik goenanipoen, amargi kirang
 toemandjemipoen, amargi wonten
 ing grija boten dipoenlelantih nge-
 tjakaken sadaja pitedahing goeroe.
 Ing H.I.S. Moentilan dipoenwonten
 Internaat, dados salebetipoen
 7 taoen toes éndjing doemoegi
 éndjing sateroesipoen tansah kaeo-
 latakén ing goeroe, dados didikan
 temtoe mlebet saestoe. Toer ingkang
 ngasta Broeder ingkang paham pra-
 kawis panggoela-wentah.*)

Ewadéné samangké dipoenwe-
 wahi sarana ingkang peng-pengan
 inggih poenika serat woelanan H.I.S.
 dados didikan saja djangkep.
 Dados kanggé para goeroe-do-
 esoen kawon didikan tinimbang mo-
 erid H.I.S. Mitoeroet djangkanipoen
 Missie, goeroe doesoen poenika
 kadadosaken panariking kantja do-
 esoen, dateng prakawis ingkang perloe
 las moestika.
 Kados-poendi sagedipoen noen-
 toen jèn kawontenanipoen pijambak
 taksih tjoto (dèrèng kénging dipoen-
 wastani tjepak), dados perloe di-
 poentoentoen.

Seserepan Agami.

Sarèhning antjasing Missie, goe-
 roe doesoen poenika saged dados
 panariking kantja doesoen, dados
 kedah soetji mepeng anggènipoen
 netepi wadjabing Agami.
 Sarèhné tembé wingking badé

PRADJA RAHAJOE.

Toean Demarquette.

Mitoeroet Hanpo serat kabar pa-
 *) Ing kalangan Missie ingkang sampoen nin-
 dakaken makaten poenika, koekeoban Men-
 doet, éngèt koela sawoelan kaping kalih,
 dipoentoentoen pandjenenganipoen P. Prenn-
 thaler. Red.

nindakaken moemoelang, dados kedah
 lebet pangertosipoen prakawis
 Agami dados sasaged-saged angsal
 Cursus Chatechist sadaja.
 Pramila wontenipoen Cursus, kase-
 bat kedah dipoenkatahi, soepados
 kantja goeroe-doesoen saged mer-
 lokaken.
 Botenipoen inggih wontena kama-
 jaran dateng goeroe ingkang toemoet
 cursus; semanten waoe manawiperloe.
 Mitoeroet kawontenanipoen sa-
 mangké pantjèn taksih katah keki-
 rangnipoen.
 Panoentoen sampoen wonten ing-
 gih poenika Tamtama, nanging
 saweg sakedik ingkang merlokaken,
 amargi dateng prakawis maos-maos
 dèrèng seneng langkoeng-langkoeng
 mawi toembas.

Canisius Stichting — goeroe- doesoen.

Goepermèn jasa goeroe-doesoen
 lan ngakeni bilih g.d. poenika
 sekedik pangertosipoen, mila di-
 poentoentoen déning Schoolopz-
 iener, sarana saban woelan ngrembrag
 prakawis koewadjab lan poenapa-
 poenapa ingkang perloe, samangsa
 wonten kekiranngipoen goeroe do-
 esoen dateng prakawis panggoela-
 wentah dipoenserep-serepaken.
 Nanging Canisius kalijan goeroe
 doesoen roemaos boten naté tepang
 ngrembrag kaperloean, kedjawi jèn
 sowan njadong blandja.
 Ingkang makaten waoe temtoe
 nebihaken antawisipoen g.d. lan
 Canisius; agampil noewohaken ras-
 oeromaos ingkang kirang sakétja.
 Toedjoening Canisius jasa g.d.
 langkoeng perloe tinimbang Goep-
 ermèn dados perloe sanget g.d.
 Canisius dipoensoeokani pamomong
 ing atasing koewadjab lan sangle-
 betipoen pisan.
 Oepami pendak minggoe 1 pisan
 ngwontenaken pakempalan miroeng-
 gan kanggé goeroe doesoen saba-
 wahan, ngrembrag madjeng-moen-
 doering piwoelang lan moerid toewin
 sanèsipoen ingkang perloe, oepami:
 „Bab panggoela-wentah lan sanès-
 sanèsipoen.*)

Seserepan.

Sampoen kaatoeraken ing nginggil
 bilih seserepanipoen g.d. bab pang-
 goela-wentah lan seserepan sanès,
 taksih kirang mila perloe dipoen
 wewahi.
 Roemijin kinten-kinten taheun
 1911, goeroe doesoen Goepermèn
 tampi serat kabar nama „Goeroe-
 désa” lelahanan, nanging ladjeng
 dipoensoewak; nanging sapoenika
 mitoeroet katrangnipoen sadèrèk
 Bajoewara ing Swara-Tama g.d.
 angsal serat kabar Kedjawaen lala-
 hanan, dados g.d. Goepermèn di-
 poen galih menggahing indaking
 seserepanipoen.
 Poenapa g.d. Canisius ingkang
 kedah noempang menggahing woh-
 ing padamelanipoen boten perloe
 indaking seserepanipoe?

Oepami sarana serat woelanan,
 sokoer minggu, lalahanan oetawi
 oeroen wragad sakedik, ingkang
 ngemot prakawis panggoela-wentah
 lan prakawis ingkang magepokan ka-
 lijian kamadjenganing pamoeolan.
 Ingkang ngasta serat kabar poenika
 inggih pamongipoen g. d. kasebat
 ngadjeng.
 Ing wasana prakawis ingkang
 koela atoeraken ing nginggil poenika
 moegi ingkang wadjab karsaa mang-
 galih saestoe. M.

ISINIPOEN:

Goeroe. doesoen Missie — Toean
 Demarquette — Oeroen rembag
 — Kagoenan, seserepan, pangga-
 otan, kasoegehan — Tjekak goena
 krida Djawi enz. — Sandoengan
 ingkang tinemah Sang nembé ga-
 dah damel — Djampi sesakit ajam
 — Primbon Nationaal — Ontjèn
 sekar gambir melati — Oerap-sari
 — Correspondentie.

dintenan ing Plembang, ingkang
 medal kala tanggal 3 November 1930,
 toean Demarquette sampoen dateng
 ing Mataram. Toean D. poenika ti-
 jang wasis bangsa Frasan. Wekdal
 samangké tw. D. moebeng ngideri
 boewana, perloenipoen njinaoe ka-
 wontenanipoen bangsa, perloenipoen
 kanggé nangoelang actie ingkang
 saweg soemabar, actie ingkang nje-
 baraken. „Kembali pada natuur”
 sedaja tiyang djaler-èstri ageng-alit
 kedah . . . (noewoen-noewoen ba-
 sanipoen mantja kémawon naakt,
 teladjang, tjaranipoen aksara maka-
 ten legena). Tw. D. waoe wonten
 ing Soerabaja sampoen damel voord-
 dracht.
 Toewoehipoen actie *Kembali pada
 natuur* waoe saking tanah Duitsland.
 Sedaja tiyang kedah tanpa awer-awer
 kados nalika djabang baji mentas
 lahir. Ingkang dados tedanipoen
 woh-wohan, ron-ronan, sajoeran ing-
 kang pinanggih wonten ing wit-wit-
 an lan pakebonan sarta wana². Actie
Kembali pada natuur waoe sampoen
 gadah pakempalan warganipoen
 sampoen dasanan éwon, djaler-èstri,
 bangsa loehoer lan asor, bangsa
 thabib-thabib. Pakempalan poenika
 sadjatosipoen dipoenawisi ing poe-
 lisi. Réhné wonten ing papan oemoem
 kaawisan, mila para idjadil ngédja
 wantah (warganing pakempalan k.
 p. natuur . . .) sami nglempakaken
 arta, toembas poelo, ingkang ké-
 nging dipoenenggeni sesarengan.
 Wonten poelo ngrikoe ladjeng mboe-
 bak siti dipoentanemi woh-wohan
 lan sajoeran, perloenipoen kanggé
 ngldjengaken actienipoen waoe.
 Menawi damel pparepatan sadaja
 legena, dèrèng patèn oetawi mawi
 woeloe soekoe lajar tjetak enz. Para
 persman ingkang dateng damel ver-
 slah roemaos lingsem. Ing Tiongkok
 oegi sampoen wonten propaganda
 soepados publik mboetjal pengang-
 gé.

Mangga para sadèrèk koela atoeri menggahil. Poenapa djagad ingkang kita idak poenika sampoen sepeoh! Idjadil sampoen sami ngédja wan- tah nggora goda dateng para poe- traning Pangéran. Saking pangad- jeng-adjeng koela moegi bédjeng manawi wonten propagandist medar actie k. p. natuur, mantjik ing lala- dan Indonesia, énggal kabentoerana séla, katjemploengna ing kawah tjandra dimoeka. Lan pandamelani- poen t. Demarquette angsala pitoe- was kados makaten.

Menggah kastrolenipoen tiyang
 ingkang sami kajoejoen idjadil ngé-
 dja wantah waoe, boten sanès na-
 moeng piwoelang Agami. Saja man-
 tjorong kasoelistanipoen Pasamo-
 ean Soetji. „Sira adja pada mleboe ing
 Grédja, manawa panganggonira soe-
 laja karo dawoeh dalem K. S. Rama,
 lan para Panggedéné Pasamoean-
 Ga niet de Kerk binnen indien uw
 kleeding in strijd is met de door Z.
 H. den Paus en de Kerkelijke Over-
 heid gegeven voorschriften.” Mila
 boten kalintoe bilih para poetraning
 Pasamoean Soetji sijang-daloe boten
 wonten sekonan ingkang kalang-
 koengan sami njenjoewoen: „Moegi
 kalampahana karsa Dalem (Fiat
 voluntas tua)!”
 Feestdag St. Martinus 11 Nov. '30.
 Taklim M. J. Soekatja.

OEROEN-REMBAG.

Poenapa tjloeloekipoen toewan John Roxton ing S.K. boten prajogi kagatosaken?

Ing sarèhning nembé poenika
 koela mireng tjloeloekipoen tw.

John. Roxtons wonten ing Soeara
 Kath. tg. 20 October '30 no. 11,
 semoe kapeksa toemoet-toemoet
 ngedalaken pemanggih ing ngatas-
 ing tjloeloek waoe wonten ing taman
 Sw. Tama ngriki.

Nanging moegi kawoeningana, ga-
 gasan lan pamanggih waoe namoeng
 wedalan saking doesoen, taksih tjara
 bodon lan taksih katah kekiranng-
 ipoen. Pramila sampoen ngantos
 dados éndjapan, lan malih sampoen
 ngantos dados penggalih déné na-
 moeng sakoela, poeroen toemoet-
 toemoet.
 Menggah ingkang dados tjloeloek-
 ipoen tw. John Roxton wonten ing
 serat kabar kaseboet waoe, woedjoed
 pangadjak dateng para moeda Katho-
 liek Indonesia sadaja ingkang
 roemaos remen mbantoe orgaan
 Katholik, soepados karsaa njam-
 boet damel (njerat ing orgaan waoe)
 nganggé atoeran, systeem ingkang
 temtoe lan nemtokaken seliranipoen
 pijambak midji dateng satoenggiling
 bab oetawi rubriek. Oepami: Tw.
 Soekatja, bab balé grija Katholik
 Nationaal Indonesia,— tw. Hercules
 djagad politik Indonesia,— tw.
 ngandap Miri bab rechtwetenschap-
 pen — pandjenenganipoen pijambak
 bab dedagangan,— tw. Ki Gowong,
 penerbangan lss.

Para sadèrèk!
 Pengadjak ingkang makaten poe-
 napa boten prajogi jèn ta katindak-
 aken lan kagatosaken déning para
 moeda Katholik ingkang sampoen
 sami karsa nggeboer ing samadya-
 ning kalangan journalistiek, oetawi
 ingkang saweg ngalèr ngidoel pados
 marginipoen, srananipoen? Lan won-
 ten ing taman Sw. Tama ngriki
 poenapa boten prajogi oegi maka-
 ten? Kados-kados prajogi, awit
 makaten poenika temtoe badé saé
 lan katah goenanipoen.
 Déné menggah anggèn koela sa-
 ged matoer badé saé lan katah
 goenanipoen, awit koela ngémoeti
 pangdoeming sadaja pandamelan,
 dateng ingkang sami njamboet da-
 mel. Oepaminipoen k'mawon tiyang
 njamboet damel, damel koersi won-
 ten ing panggènan tjina toekang
 kadjeng. Ing ngrikoe satoenggal-
 toenggaling tiyang, wonten ingkang
 namoeng kapidji ngirat pendjatos,
 kapidji nganam, kapidji mlitoer,
 ngetok kadjeng, masah lsp. Panda-
 melan ingkang kaedoem-edoem ma-
 katen katingal saé lan katah goe-
 nanipoen.
 1. Toemrapping tiyang ingkang
 njamboet damel, saged énggal wasis
 lan paham toemrapping pandamelan-
 ipoen, lan ngirid kanggé toembas
 pirantosipoen. Liripoen, oepami:
 ingkang namoeng kapidji ngirat
 pendjatos, tiyang waoe namoeng
 betah njinaoe pandamelan ngirat,
 lan anggènipoen ngedalaken wragad
 toembas pirantosipoen, namoeng
 tjepak pangot kémawon, boten
 perloe toembas grants, pasah lsp.
 Nanging tiyang waoe inggih perloe
 njinaoe pandamelan sanèsipoen,
 amargi jèn boten, temtoe ladjeng
 tjoto. Namoeng rak inggih lang-
 koeng prajogi, mekaten poenika
 sasampoening saged faham salah
 satoenggiling pandamelan roemijin.
 2. Toemrapping Tionghoanipoen
 saged bati, djer damelanipoen koersi
 saged saé, pengkoeh, lan wekasan-
 ipoen katah tiyang (prijantoen)
 ingkang sami dateng toembas
 (moendoet).
 Para sadèrèk!
 Mitoeroet toelada ingkang kase-
 boet nginggil waoe, tjeta jèn pa-
 nggedoeming pandamelan prajogi
 katindakaken, makaten oegi toe-
 mraping pangadjaking tw. John
 Roxton, soepados sami karsaa nem-
 tokaken seliranipoen pijambak midji
 dateng satoenggiling bab oetawi
 rubriek, djer anggènipoen ngoedi
 lan ngedalaken wragad kanggé al-
 gemeene ontwikkeling, practische
 lan theoretische opleiding, lang-
 koeng énggal lan ngirid, lan we-
 kasanipoen isining orgaan Katholik
 tjap Indonesia, ingkang namoeng
 medal saking kikijataning poetra

Katholik Indonesia pijambak, tanpa
 pitoeloenganipoen sanès saged
 djangkep toer kanti dedasar ingkang
 maton lan sah.
 Pandjenengan sadaja priksa, jèn
 djagading journalistiek makaten, ké-
 nging kawastanan goeroening ra'iat,
 ingkang saged moeter haloening
 ra'iat, dados sampoen mestinipoen
 jèn ta katindakaken mawi dedasar
 ingkang maton, sah lan medal margi
 ingkang leres.
 „Jak, tinimbang goeproek, ngomèl
 bisa kanda sing kaja mengkonè,
 mbok ija awaké déwé nandangi?
 Lan apa ija wis bisa ta?” (temtoe-
 nipoen badé wonten pangandika
 ingkang makaten).
 Ingkang poenika moegi kawoeni-
 ngana, tiyang doesoen kados sakoela
 sagedipoen namoeng ngomèl, njaosi
 rembag. Jèn kapoerih nindakaken
 boten saged.
 „Jak, ming wong désa wé teka
 wani? mèloe ngekèki remboeg, karo
 manèh awaké ora bisa nglakoni”.
 O, inggih rembag kados makaten
 waoe jèn kagem.
 Sampoen namoeng semanten ga-
 gasan koela. Nanging gagasan waoe
 namoeng doemoenong wonten ing
 theorie; déné gagasan practijk ang-
 gènipoen badé nglampahi, nindak-
 aken bédjeng malih. *)

Panggèndja, ping 6 October 1930.
 Aksamanta, laré doesoen.
 poen: NARAJANA.

ECONOMIE.

KAGOENAN, SESEREAPAN, PANGGAO- TAN, KASOEGIHAN.

(Roeslan).

Anggèn koela damel wawasan
 ébaling economie lan politik sa-
 kedik ing Roeslan poenika awewa-
 ton wawasan saking Amerika, Pe-
 rantjis, Belgie lan Nederland. Dados
 leres lepatipoen inggih loegoe ma-
 noet wawasan-wawasan waoe.
 Sadèrèngipoen miwiti ngringkes le-
 lampahan-lampahan ingkang saweg
 oetawi teksih kalamphan ingkang
 magepokan Roeslan ing sapoenika,
 mangga sami ngémoet-émoet babad
 sawatawis, mbokmanawi mangké
 dados oewat-oewat gagasan kita
 nglimbang kawontenan lan tradjang-
 ipoen Roeslan ing sapoenika. Djer
 sapoenika, senadjan oemoemipoen
 Roeslan poenika kawastanan mlarat,
 éwasamanten tradjangé anggènipoen
 badé ngragem donja tansah ketingal.
 Lah, sapoenika mangga dipoenpadosi
 ing babad, watek ngragem poenika
 namoeng lairan jasanipoen Lénin
 kémawon, poenapa sampoen kawit
 roemijin. Déné Roeslan mlarat lan
 botenipoen, poenika mangké badé
 katjeta ing economienipoen, ing an-
 gka-angkaning samboetanipoen! Lan
 actie badé ngragem djagad waoe
 badé katjeta ing verslag-verslag ing-
 kang magepokan politik.

Setaoen kepengker koela keleseran
 boten kedjarag maos babadipoen
 mergi sepoer trans-Azie, Moscow
 doemoegi Wladiwostok. Ing babad
 ngrikoe, asli karanganipoen satoeng-
 giling ahli lampahing perang ing
 Djerman, katjeta sanget mepeng-
 ipoen Roeslan badé ngepel Azië,
 oentoeng déné perangipoen kawon
 katoetok ing Djepang, oepami bo-
 ten, sa-Europa kilèn badé horeg
 margi pélor Roeslan. Margi katja-
 rijos, riboeting damel mergi sepoer
 waoe oegi kasarengan aroenganing
 pandamelan ing pabrik-pabrik de-
 damel. Dados nalika damel mergi
 sepoer Moscow — Wladiwostok wa-
 oe, ingkang kelokipoen kanggé . . .
 ngraketaken, nggampilaken pada-
 gangan, boten lija namoeng akal
 kanggé mergi bala saking Europa
 dateng Azia.
 Mila kala samanten Djerman oegi
 alok, lepat-lepat jèn Roeslan boten
 mengétan, saged oegingilèn oetawi

*) Ing Sw. Tm. sampoen wiwit ngadani
 prakawis poenika. Red.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

Pista taocnan Moeda Katoelik ing Mataram.

Moeda Katoelik, Mataram! Ngawontenaken pista taocnan, kala 2 November sonten, manggèng ing gedong K. S. B.

Bregas! Sembada! Penoech kakijatan moeda!

Inggang perloe koela pèngeti ing ngriki: 1. Schoolmeester (klucht): anggambarekaosipoen goeroe moelang boten kènging nggepok prakawis Agami. Dados: njemont oendang ingkang ndawoehaken goeroe-goeroe ninten pamoclangan kedah nètural.

2. De Kleine M.K.-er oetawi „Pradioerit ilik weton M.K.“ Amoejoedaken: laré dipoen-goda sètan. Nanging larènipoen meang, margi anggega bibisikipoen Malaekat Pamomong. Tetinggalan poenika mawi tembang. Sanget mranani. Sadaja sami trenjoh! Soeka piwoelang saé dateng sadaja ingkang sami lenggah. Ing atos sami mengel: „Akoen noelad „De Kleine M.K.-er!“

3. Pangandikanipoen padocna toewan J. van Rijkevorsel bad agenging perloenipoen jeugdbeweging. Soepados tetijang sepoeh sami toemoet angandjengaken M. K., njamboet damel sesarengan kalijan M. K.

4. Sad. Soewandi, nanangi soepados moeda Katoelik ing Mataram sami manoesngil wonten pakempalan M. K. Njarijosaken: djaka-djaka Katholiek ing Mataram ingkang katah sami kendo, nglokro!

Koela gadah pangadijeng-adjeng, bèndjing taocnan ngadèng, manawi M.K. ngadani pista taocnan malih, ngangkaha soepados boten wonten basa Walandi kalebet ngrikoe.

Koela pepoedji moegi ing poendi-poendi ènggala mradjak toewoehing tjabang Moeda Katoelik!

Para wredha Katoelik! Poetra pandjenengan kaolaha wonten kalangan Moeda Katoelik. Koela tanggel: bèndjing sepoehipoen badé dados tijang ingkang wonten tegesipoen toemrap djagad pasrawoengan!

Wredha, wanita, moeda, ... samia bergerak! Anggajoh djembaring tebanipoen Pasamocnan Soetji: koentjaranipoen bangsa lan siti kalahiran!

K. W. Semarang. Sesorah bab „reclasseering.“ J. S. njerat makaten:

K. W. Semarang, kala 26 October 1930 ngawontenaken sesorah bab „reclasseering.“ manggèng wonten ing H. I. S. Mardi-Siswo, Djombang. Ingkang sesorah R. Kartadarmadja, assistent-reclasseeringsambtenaar kanggé tanah Djawi Tengah.

R. Kartadarmadja nerangaken kanti tjeta antjasing reclasseering. Reclasseering waoe tegesipoen pamboedidaja ngèntèngaken nasibipoen tijang ingkang kènging ing paekoeman. Srananipoen ngoedi wangsoeling tijang

ngidoel, medal Persi teroes Voor-Indie. Malah oegi sampoen oetoesan djèndral mriksa mergi dateng Bombay medal Persie. Temtoe kémawon Inggris oegi boten ngantoech, Afghanistan ladjeng dipoenkandeli pendjagènipoen.

Oetawi jèn ngèmoeti Peter de Groote, njata Roeslan pantjèn gadah kerkat toemandang damel.

Sapoenika kados-poendi?

Inggang perloe roemijin bab persatoenan Europa. Manoet voorstel Briand, Toerki lan Roeslan boten dipoensoeroehi. Roeslan temtoe kémawon boten nrimah, bab poenika Mussolini oegi alok. Bab anggènipoen Roeslan dipoenkedjawèkaken poenika saged oegi kadjengipoen Perantjis pantjèn namoeng badé ngijataken barisan Europa kilèn. Malah sapoenika ing Perantjis sampoen kawentar wonten ada ambaèköt Roeslan, soepados Perantjis boten tepang rembag babar pisan kalijan Roeslan, tanpa diplomaat tanpa poenapa. Temtoe kémawon ada poenika damel rekaosipoen rembag persatoenan-Europa, senadjan rembag waoe boten medal dines.

Ing U. S. A. soedagar ingkang ageng-ageng ingkang sampoen lelajanan kalijan Roeslan sami boten seneng jèn prakawisipoen karembag medal negari (Standard Olie, General Motors, General Electric, Radio Corp. Iss.); Roeslan ngadjeng-adjeng soepados lajananipoen dagangan kalijan U. S. A. inggih medal mergi diplomatie. (Bab pedotipoen diplomatie Rusland — U. S. A. mangké badé katjarjosaken).

Manoet statistik dagangan ingkang mlebet ing U. S. A., Roeslan anggènipoen ngedalaken dagangan saja katah: 1923 export Roes dateng U. S. A. pengoas 1.481.600 dollar, taocnan 1929 pengoas 30.749.044 dollar; import Roes saking U. S. A. 1923 pengoas 7.308.389 dollar, 1929: 107.651.000 dollar.

Nanging bab samboetan dateng U. S. A. kala djaman Tsar 75.000.000 dollar katahipoen, dipoensèlaki; makaten oegi samboetan 86.000.000 dollar mangka wragading perang, sarta 187.000.000 dollar dateng Kèrensky Gouvernèment oegi dipoensèlaki ing pamarèntah Sovjèt sapoenika, toer Roeslan taksih nékad damel propaganda dateng U. S. A. lan toemoet tjampoer prakawisipoen U. S. A. kalijan Sijem, ... sadaja waoe poenika andjalari petjahipoen diplomatie U. S. A. kalijan Roes; (taocnan 1923).

Dados adjenging dagangan kalijan U. S. A. ngantos pinten-pinten joeta waoe jèn katanding kalijan ké-tjalanipoen U. S. A. margi njamboetaken dateng Roes ... dèrèng sapintena.

ingkang klebet ing koendjara, nanging dèrèng djangkep wekdalipoen, saha ngoedi soepados tijang ingkang kasangkoet ing prakawis poelisi sampoen ngantos kapatrapan oekoem koendjara, kanti sedyo iktijar sagedipoen tijang waoe dados tijang saé malih, lan sageda sesrawoengan malih kalijan tijang sanès boten kanti rikoech. Sagedipoen toemindak makaten poenika waoe kedah loemantar ing satoenggiling reclasseerings-vereeninging ingkang sampoen kaanggep ing pamarèntah.

Pamedar sabda oegi nerangaken bilih toemindaking oekoeman ing djaman kina poenika minangka p a m a l e s. Kaloe poentanmo mangkèné, oekoemanmo ja koedoe mangkèné. Ladjeng dangoe - dangoe sistem waoe kaéwahan: paekoeman ngadahi sedyo kanggé ngleresaken watak awon. Mila warnaning paekoeman inggih éwah. Gesangipoen tijang koendjara dipoenwigatosaken, kaarah sageda seneng, sampoen nalangsa sanget - sanget. Nanging badé saé kados poenapa, koendjara inggih koendjara. Dajanipoen meksa inggih awon. Mila ladjeng pamarèntah kagoengan pamanggih: manawi boten perloe saestoe, boten soesah kakoendjara, oetawi sanadjan kakoendjara inggih sampoen kedangan. Nagari sapoenika sampoen ngawontenaken reclasseeringsdienst. Toemindakipoen kedah wonten tanggèlanipoen satoenggiling reclasseeringsvereeninging ingkang sampoen nama asah. Pakempalan waoe ngatoeraken rapport menggahing waktipoen tijang ingkang kasangkoet ing prakawis, gesangipoen, pendamelanipoen, sebab-sebabipoen nglampahi piawon lan sanèsipoen. Mangké soepados ingkang wadib sageda nimbang.

Kadjawo poenika pandamelaning pakempalan taksih katah sanget, oepami: madosaken pandamelan malih, matah tijang ingkang kapoerih dados bapa oetawi pamomongipoen tijang waoe (patroon) salebetipoen pradjandjian dèrèng telas. Oepami wonten dawoeh makaten: „Kowé dakwetokaké saka boewi“, oetawi, „kowé ora sida kad koendjara, nanging sadjroné saméné taocnan ora kena kesangkoet ing prakara poelisi manèh.“ Pamomong waoe kedah ngawat-awati lan kerep mitoetori sarta kerep ngadjak sesrawoengan kalijan tijang katah. Awit saepami pradjandjian kateker, tijang waoe kedah ndjanglepi oetawi nglampahi paekoeman lami kawewahan oekoeman ènggal.

Soemangga sadèrèk Katoelik Djawi, sami kagaliha, poenapa kita boten badé ada-ada jasa reclasseeringsvereeninging, awit sampoen tetela sanget menggahing saènipoen?

Boedi - Oetama oegi sampoen gadah reclasseeringsvereeninging, makaten oegi I. E. V. sarta bangsa Tionghoa. Saèning reclasseeringsvereeninging poenika saged ngrembag soedaning pandamelan awon ingkang boten konangan ing poelisi, dèné reclasseeringsdienst namoeng saged ngrembag prakawis ingkang sangkoetan poelisi.

Déné panggaotan negari ing taocnan poenika salebetipoen 3 kwartaal pamodalipoen ratjak - ratjak namoeng 75% saking taksiran; lan angsal-angsalaning panggaotan negari kanggé rantjangan 5 taocnan (5 jarig plan) ratjak inggih kirang saking sames-tinipoen. Namong rehning pekabaran saking Roeslan ingkang moerini poenika angèl sanget pikantoekipoen, mila katetepaken kanggé wontening economie Roeslan ing sapoenika inggih angèl anggènipoen matoni.

Nanging manoet overzicht saking London, kedajanipoen Roeslan oegi sami kalijan tindakipoen dateng U. S. A., wosipoen, boten saged mbarjar samboetan. Namong anèhipoen samboetan kala djaman Tsar dateng Inggris boten dipoensèlaki, nanging temboengipoen: dipoensidem. Sarta samboetan ènggal-ènggal namoeng badé kabajar anakanipoen roemijin (saremanipoen boten kirang saking 43.000.000 roepijah!)

Dados jèn nitik samboetan ingkang nandeg-nandeg poenika, toer taksih nemoeng malih (dateng London), kedadak 5 jarig plan kados inggih angèl kelampahanipoen, terang jèn economie Roeslan inggih boten gemebjar kados soerja ing taman pirdoes kados piwetjanipoen para kaok-koeminis ing poendi-poendi negari, wewah-wewah jèn tijang maos serat-serat particulier saking ngriki ingkang kapatjak ing sawatawis koran, oepami de Standard, Belgie, ladjeng angèl anggènipoen saged nggèga jèn Roeslan poenika dados tanah mili madoe lan poewan! toer jèn serat-serat waoe dipoenkantèni foto, ingkang angèl sagedipoen malsoe! toer jèn mawi ngèngeti prakawis-prakawis ingkang gepokan agami enz. enz.

Mangsoeli bab vijjarig plan, kadjengipoen soepados bakda 5 taocnan Roeslan sampoen saged madeg pijambak bab economienipoen, malah jèn saged vijjarig plan waoe kadadosaken vierjarig plan.

Nanging jèn nitik pamedaling panggaotan negari ingkang boten koeboek kalijan rantjangan waoe, ladjeng tjeta jèn plan waoe radi mokal sagedipoen kelampahan.

Amrih tjeta, angsal-angsalanipoen panggaotan negari ing 9 woelan: October '29 — Juli '30, badé koela, gambar, koela djèdjèr kalijan angka plan:

petroleum:	7.473.000 ton.
plan:	± 11.000.000 ton.
areng sèla:	28.847.148 ton.
plan:	± 40.000.000 ton.
tosan:	2.363.000 ton.
plan:	2.447.055 ton.
wadja:	2.156.900 ton.
plan:	2.222.715 ton;
	(overzicht Belgie).

Dados mèh sadaja panggaotan ingkang ageng-ageng: wadja, tosan, areng sèla, petroleum, angsal-angsalanipoen kirang saking pétanganing rantjangan.

Ing ngandap poenika kawontenanipoen angka-angka ingkang magepokan samboetanipoen Sovjèt Roeslan dateng sadaja pradja-pradja sanèsipoen.

Manoet Council of Foreign Bondholders samboetanipoen Roeslan dateng pradja sanès jèn kaklempakaken wonten 924.700.000 pondsterling oetawi langkoeng saking 11 milliard roepijah, lan tambah schat-kistbiljetten, wetawis 8 — 900 miljoen pondsterling oetawi watawis 1 milliard roepijah.

Déné bab sanès-sanèsipoen ingkang magepokan Roeslan kados ing Oerap-Sari Swara-Tama ngriki boten naté sepi.

Inggang poenika wawasan bab Roeslan doemoegi semanten kados sampoen tjepak. ANDAJA.

GOENA - KRIDA.

„Tjekak goena krida Djawi gesang, ndjamani, wewah.“ PASOPATI: Sw. Tm. No. 45. 1. 2.

Dados Pasopati soelaja kalijan pemanggih koela ingkang kaseboet ing Sw. Tm. 39 - 40 (41), poenapa boten? Djer pangandika ing nginggil poenika saged teges kalih - kalihipoen.

Jèn soelaja, koela njoewoen priksa: a) Poenapa Pasopati ngèngeti, jèn koela saweg anoe poenika ngrembag goena krida Djawi, boten péranganing goena krida?

b) Poenapa ngèngeti oegi, jèn goena krida (kunst-nijverheid) poenika boten sami kalijan kagoenan (nijverheid)? Saben handwerk rak

VAN LITH-STICHTING.

Soemangga sami
ngersakaken dados
CONTRIBUANT
V. L. S.

Peningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
MOENTILAN N. I. S.

dèrèng mesti kènging kawastanan fraai-handwerk! Poenapa doemèh tijang saged „motong“ lan „mendjait“, ladjeng kedah kawastanan o lah goena krida? Kados boten!

c) Poenapa „gesang, ndjamani, wewah“ poenika boten saged sesarengan kalijan moendoer? Tegesipoen: Inggih leres jèn katingal kalijan ingkang mentas kémawon, mila katingal madjeng soeboer; nanging jèn katanding kalijan ing sekawit, ladjeng katingal kontitipoen, katingal taksih oendoeripoen. Poenapa poenika boten saged kelampahan?

Lah sapoenika toemrap goena krida Djawi: kados kawontenanipoen sapoenika, sanadjan sampoen wonten ingkang langkoeng saé tinimbang sawaoe, dèrèng kènging kawastanan ndjèdjèri ingkang roemijin-roemijinipoen, sampoen malih nama ngoengkoeli.

Koela boten njèlaki bilih g. kr. Dj. gesang; nanging koela inggih boten njrijosaken, jèn gesang soeboer kados mestinipoen. Malah koela inggih sampoen matoer, jèn wonten pakempalan (Wanita - Oetama, Among-Krida) ingkang ngoedi adjenging g. kr. lan angsal-angsalanipoen inggih boten sapélé. Éwa samanten g. kr. sapoenika kados dèrèng mapaki g. kr. roemijin. „Mapaki“ tegesipoen: montjèripoen sami kalijan ingkang roemijin.

„Mblangko oedeng“ mila madjeng lan poenika mila kènging kaèwokaken pandamelanipoen g. kr.; nanging poenapa g. kr. ladjeng kènging kawastanan madjeng? (Cf. a. ing nginggil waoe).

„Ndjasmani“ poenika sampoen dados wadjiing g. kr.; kedah poeroen njowak ingkang sampoen boten kanggé lan poeroen mendet ingkang saweg dados betahing djaman. Namong kémawon g. kr. gadah dradjad loehoer, gadah wewengkon pijambak: djadjahanipoen ingkang s roewi pèni lan è di; dèrèng tjepak menawi namoeng bakoeh oet. prajogi. G. kr. ingkang sampoen boten nglenggahi dradjad waoe, inggih sampoen boten pantes nama g. kr.

nanging namoeng kagoenan. (Cf. b.). Manawi Pasopati ngèmoeti bab poenika kémawon, kados boten badé gampil anggènipoen njoelajani.

Kadjawo poenika, Pasopati paring pepatjoh: „s a m p o e n n g r i t i e k, sanadjana opbouwendè kritiek!“

Lo, poenika kados-poendi? Karem ngritiek sakenjoh - kenjoh tanpa mawas, mila inggih boten prajogi. Nanging manawi wonten prakawis ingkang p a n t e s o e t. malah k e d a h dipoenkritiek; ladjeng boten ngritiek, mangka pantjenipoen saged; poenika kados oegi boten prajogi oepami: tijang sakit, ingkang boten roemaos sakit, rak prajogi, jèn katedahna saktipoen. Manawi kakèndelaken kémawon, rak saged ndadosaken tiwasipoen.

Sebabing paring pepatjoh waoe: „tijang dipoenkritiek poenika saboten - botenipoen inggih tatoe manahipoen.“

Sinten kémawon ingkang boten kraos kagok sedih, jèn soemerep gadah sesakit ingkang waoenipoen dèrèng kasoemerepan! Nanging kados-poendi sagedipoen ndjampèni oet. njenjejrik, manawi boten soemerep sesakit?

Lan malih: tijang ingkang pantes dipoenkritiek lan kelampahan jektos dipoenkritiek, mangka ladjeng kraos ketaton, poenapa poenika maton?

Milanipoen jèn koela: soemangga ngritieka ingkang pantes dipoenkritiek, nanging mawia mawas sarta ngatos - atos, lan jèn saged Opbouwendè Kritiek!

KOEROESÉTRA.

SANDOENGAN INGGANG TINEMAH SANG NEMBÉ GADAH DAMEL.

Katoer doemateng ingkang wadib. Manawi koela ngèngeti katahing sangsaranipoen tijang ingkang nembé gadah damel, toemrap koekoeban Salatiga, langkoeng - langkoeng kawontenanipoen saja dangoe saja mindak - mindak katahipoen, koela ladjeng kepéngin oedoe rembag wonten ing oedyana ngriki, ingkang amrih dados prajogi lan sakétjanipoen.

Sampoen dados adat kalimrahanipoen tetijang koekoeban Salatiga, bilih pinoedjoe gadah damel temtoe nindakaken tata - tjara tetilaraning leloehoeripoen, lan tata-tjara peparinging pengageng. Poenapa ta tata-tjara tetilaranipoen para leloehoer? Sanadjana satoenggil - toenggiling panggenan boten sami, éwasamanten para maos saged nggalih pijambak bilih bédaning tata - tjara tetilaranipoen leloehoer kina, toemrap satoenggil - toenggiling panggenan boten patos katah. Sapoenika tata-tjara paringipoen pangageng. Nalika loerah ènggal sampoen katetepaken, bendara Wadana oet. k. t. Controleur paring dawoeh, samangsa - mangsa tijang alit gadah damel, kedah moendjoeng dateng loerah sapoenggawa. Para maos! Sinten ta loerah sapoenggawa poenika? Ingkang kerep: 1 loerah, 2 Tjarik, 3 Kami-sepoech, 4 Kebajan lan terkadangan Modin.

Para maos! Koela atoeeri nggalih. Kanggénipoen tijang doesoen tapi dawoeh, toer saking bendara Wadana pijambak. Lan malih tandjaning poendjoengan, dateng pengageng ingkang ngerèhaken saban dintenipoen. Mila katahing-katah jèn dong moendjoeng, ladjeng dipoenemataken. Kapilihaken ingkang èdi-pèni lan ingkang miraos. Kawewahan sedajanipoen poenika srana langkoeng saking mesti. Soepados sageda epas semanten djodang oetawi semanten ténong.

Para maos! Pandjenengan sadaja temtoenipoen saged nggalih pijambak, sapinten ragadipoen tijang gadah damel, toemrap koekoeban kasebat nginggil. Mila katahing-katah, tijang gadah damel jèn ta boten tanggon (tjara sawoengipoen), bibaring damel temtoe bosah-basih radja darbèkipoen. Kepara dèrèng dangoe poenika, tangga koela doesoen wonten tijang gadah damel, bibaring damel dèdèl - doewèl. Pakawisan, grija lan sabin djablas. Sadajanipoen preloe kanggé ngloenasi samboetan.

Rèhning kanggénipoen koekoeban Salatiga kerep sanget kelampahan kados mekatan, mila koela ngatoeri pamrajogi dateng ingkang wadib, mbok inggiha pandjenenganipoen ingkang kagoengan wadib, karsaa paring dawoeh dateng bawahipoen: jèn moendjoeng dateng pandjenenganipoen ngantos dipoenréntjangi ngaja-aja. Langkoeng oetami jèn karsa paring dawoeh: jèn saktinten tembè wingking ndadosaken katjengkranganipoen, sampoen boten soesah moendjang-moendjoeng

mawon. Namong semanten atoeer pamrajogi koela.*)

Aksamanta ANGGANA.

V A R I A

DJAMPI SESAKITING AJAM.

Ing Swara Tama no. 45 ingkang mentas kapengker poenika sadèrèk Hargapoera ngrembag bab ajam, ingkang boten sakedik pikantoekipoen, nanging samangké katah ajam ingkang kaparag ing sesakit ngantos doemoegi ing pedjahipoen. Sadèrèk Hargapoera ladjeng pitakèn sinten ingkang pirsu djampinipoen.

Koela ngertos dateng djampinipoen, nanging koela pijambak dèrèng naté njobi, djalaran boten gadah ajam. Soemangga sadèrèk Hargapoera oetawi sanès-sanèsipoen ingkang kagoengan ajam, koela atoeeri njobi. Menggah djampi waoe anggèng koela kilak saking serat „de Koerier“ 2 Pébroewari 1929. Déné toewan ingkang njerat wonten ing „de Koerier“ poenika sampoen naté njobi pijambak sarta poenika pantjèn inggih ngriki ingkang gadah pamanggih.

Koela poenika manawi maos poenapa-poenapa temtoe mawi njepeng potlot oetawi gagang pèn. Menggah perloenipoen, samangsa wonten ingkang migoenani, ladjeng koela tjatet. Methode kados makaten poenika sapoenika koela raos-raos teka saé, tandanipoen, sareng wonten sadèrèk betah, boten mawi kangèl-kangèlan, koela ladjeng saged njaoasi katrangan. Mila mangga para noepiksa, manawi pandjenengan karsa niroe methode koela poenika, koela poeroen tanggel, samangsa badé damel sesorah poenapa, ladjeng gampil, mendet kepèk oetawi tjatetan ana ing boekoe anoe katja seméné lan seméné, ladjeng kantoen nata kémawon, sakedap sampoen ram-poeng.

Para wasis poenika methodenipoen inggih makaten kados ta Dr. Rouffaer, pandjenenganipoen manawi njerat-njerat kènging dipoenwastani ing dalem sakatja-katjanipoen prasasat moeséjoem. Pandjenenganipoen poenika ingkang dados karemanipoen njerat bab krida (kunst) oetawi goena-krida (kunstnijverheid), mila anger maos koran, mangka ing ngrikoe wonten karangan bab poenika, ingkang pandjenenganipoen dèrèng naté mranggoeli, temtoe ladjeng dipoen-goenting, dipoensimpen.

Jèn para noepiksa karsa dados tijang ingkang djadjah ing kawroeh poenapa kémawon, bab padagangan, sociologie, politiek, kunst, ngèlmo palintangan, ngèlmo pamisah lan sapanoenggilanipoen, inggih prajogi niroe Dr. Rouffaer poenika. Poenapa - poenapa dipoenkempakaken, ngantos dados moeséjoem kawroeh-kawroeh. Mangga katjoberi. Jèn makaten tanah Indonesia ladjeng katah djempolanipoen, samanten poenika manawi ingkang dipoenkepèki lan tjateti waoe sapérangan ageng oegi loemebet ing oetek.

Sapoenika koela mangsoeli bab djampinipoen ajam sakit.

Roemijinipoen mendet lombok rawit kinten-kinten sagelas pangondjoekan, poenika dipoendeplok. Ladjeng mendet djaé oegi kadeplok doegi-doegi sasèndok dahar, makaten oegi koenir inggih kadeplok kinten-kinten sasèndok dahar. Tigatiganipoen waoe noenten katjampoer. Kadjawo poenika kedah soedija oewos, poenika dipoenkoem ing toja wonten ing pangaron oetawi ing koewangsoel, dangoenipoen sadaloe. Èndjingipoen tojanipoen kailing, kaboejtjal. Ladjeng oewosipoen katjampoeran deplokkan lombok rawit, djaé lan koenir waoe, sarta kanggé nedani poen ajam. Wondéné katahipoen sadaja kadamel tjepak dipoenteda ing ajam malih ing wantji sijangipoen, poenapa déné sontenipoen toewin ing dinten tjandakipoen kaping kalih, lan ing tigang dintenipoen kaping sapisan. Dados goeng-goeng angsalipoen djampi poenika namoeng kaping nem (3, 2, 1). Salebetipoen tigang dinten poenika ing wantjinipoen ajam boten angsal djampi kedah dipoenpjoer-pjoeri gabah.

Ngadat djampi ingkang kados makaten poenika saambalan sampoen njekapi, éwasamanten manawi ing sakiwa tengen ngrikoe wonten ajam ingkang kataman ing sesakit, prajogi anggènipoen andjampèni waoe ing minggoe tjandakipoen dipoen-ping kalih.

Mangga sadèrèk Hargapoera; re-cept ing nginggil poenika pandjenengan tindakaken.

Koela namoeng memoedji setidjabipoen.

Goes DJENTIK.

*) Sawenèhing panggenan ing residentie Semarang, wonten pranatan (kaseboet ing serat), manawi tijang alit gadah damel: moendjoeng opor oet. endas kebo, dateng loerah, moendjoeng tangkar dateng tjarik lss. Poenika pantjèn kedah kasoewak. Red.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.Adres jang
moerahDJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran

Swaras Tama

dapat POTONGAN.

Soemangga sami ngabarna ing SWARA-TAMA

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.SROETOE-SROETOE dan ROKOK-
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja dangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelia poenja perminta'an
die tangoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bilih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

ARTISTICO CALCARIUM.

Waternverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed
boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja
limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pjan, témbok lsp.
Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas.
Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni
saged tanpa wates.Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, f 0,90.
(mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

VERFFABRIEK R. B. FRIELING
GONDHOMANAN 80. DJOKJA

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan 8)	6.30-8.	Kepandjèn 6-7-9.
Amboina 7.30.	Lawang 5)	Pemangkat 8.30.	8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6-7.30.	Poerwokerto 7.30.	7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwodjo 7-8.30.	7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Pontianak 7-8.30.	7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Probolinggo 7.30.	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Salatiga 7.30.	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Sambas 6-8.30.	6-8.30.	Tegal 6.30-8.
Djember 7.30.	Medari 9)	Sambong 8.	8.	Tering 7.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sawah Loento 7-8.30.	7-8.30.	Tjilatjap 7.30.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30.	Sedajoe 7.	7.	Tjimahi 6-8.
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedjiram 5.45-8.30.	5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Kota Baroe 6-7.30.	Moentilan 5-6-8.	Semarang: 8.	6-8.	Wates 7).
Djombang 1) 7.30.	Muntok 7.30.	Gedangan 6-8.	6-8.	Weltevreden:
Fort de Kock 7.30.	Ngawi 7) 7.30.	Bangkong 6.30-8.30.	6.30-8.30.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gandjoeran 2) 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Tjandi 7.30.	7.30.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Gombong 3) 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Randoesari 7-9.	7-9.	Wonosobo 8) 7.30.
Keboemèn 4) 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Singawang 6.30-9.	6.30-9.	Woloan 8.30.
Kediri 7.30.	Palemboeng 7-9.	Soekaboemi 6-7.30.	6-7.30.	
Klatèn 7.30.	Pasoeroean 1) 7.30.	Heuvel 5.30.	5.30.	
Koeta Radja 6.30-8.		Soerabaja:		

1) 1e. Achad.

2) 1e. + 3e. Achad.

3) 2e. Achad.

4) 1e. Achad tiao² doea boelan.

5) 1e., 2e., 4e. Achad.

6) 2e., 4e. Achad.

7) 3e. Achad.

8) 3e. Achad.

Dajaning ngabotohan.

Ngleresaken pakabaran.

H. Tjitra njerat makaten: Wonten Sw. T. no. 45 koela ngabaraken bilih ing Salam wonten tjang ingkang anak sémahipoen sakit ladjeng katilar késah mawi mbekta pit lan ranté mas wangsoelipoen (mantoekipoen) ranté mas dalah arlodji toewin pit itjal, sarta neda jatra ingkang èstri f 75'— ladjeng enz. poenika kirang njata.

Sareng kabar ing nginggil koela satitèkaken dateng poelisi doesoen, katranganipoen makaten:

Anak sémahipoen satoenggilijing tjang kaseboet nginggil, mila sakit bentèr tis sampoen sawatawis lami, déné tjang ingkang gadah anak sémah sakit waoe, sampoen sawatawis dinten anggènipoen késah mawi noempak pit dateng Moentilan (bab ranté lan arlodji boten terang); ing salebetipoen késah waoe njamboet jatra dateng embokipoen alit f 75,—. Sareng mantoek sémahipoen soemerep jèn sampoen boten noempak pit lan ngertos jèn ingkang djaler gadah samboetan f 75,— ladjeng moering, paben, kalijan mbopong anak ingkang sakit waoe. Pabenipoen saja dangoe saja nemen, tanganipoen ingkang èstri ladjeng kanggé njepengi ingkang djaler, tangan satoenggalipoen kanggé njepengi (mbopong) anakipoen, margi poen bijoeng nandang ingkang djaler, pangempitipoen dateng anak ngantos kekentjengen sanget; bapa soemerep ladjeng bengok-bengok kapoerih njèlèhaken anakipoen; poen bijoeng boten poeroen malah wjtjanten: anak mati ja bèn, anak mati ja bèn; nanging poen anak ladjeng kénging karebat bapakipoen, tangga tepalih oegi sami dateng. Makaten kabar saking prabot doe-

soen Salam ingkang koela tampi.

Déné anggèn koela njaosi priksa bab poenika dateng rédaksi, margi koela sampoen ngatoeri kabar ing nginggil nanging katah soelajanoen. Dados namoeng mligi ndèrèk ndjagi, sampoen ngantos Sw. Tama ngemot kabar goroh. (Kawontenan poenika kanggé pènget dateng sadaja kémawon, manawi ngabaraken ing koran sampoen groesa-groesoe, kedah kasetitèkaken. Red.)

Prahara ageng ing Bandoeng.

Ing Bandoeng kala 7 Nov. wonten prahara ageng, nradjang gedong-gedong S. S. lan goedang gemeente. Katah gendèng plat-plat pajon kaboer. Wonten grija kalih risak.

Babaja toja ing Soekaboemi.

Katah pepedjah.
Kasangsaran ing Likasan dèrèng wonten satengah taoen. Sapoenika, ing onderneming tèh Djajanegara, saelèr Soekaboemi ing lengkèhipoen redi Gagak, wonten kasangsaran ageng, i. p. kala malem 31 Oktober. Ing redi ngrikoe wonten lèpèn alit, wijariipoen boten wonten 2 M., saeroeting lèpèn wonten grija koeli alit-alit 17, lan radi tebih sakedik taksih wonten grija-grija malih. Ing daloe waoe, wonten siti djoegroeg tigang enggèn, ingkang ladjeng andjalari bandjir ageng, angéntiraken pondok 16 ing saeroeting lèpèn waoe. Ambaloedagipoen toja kintenkinten langkoeng 5 M. tinimbang adat saben. Tjjang ingkang pedjah wonten woloelikoeran.

Kobongan ageng ing Petoemboekan.

Kapitoenèn f 125.000.
Nembé poenika ing Petoemboekan satjelakipoen Médan wonten kobongan ageng, nelasaken grija

70, karoegianipoen wonten kirang langkoeng f 125.000. Katjarijos wonten Tionghoa sepoeh saweg sakit, pedjah déning latoe. Sebapipoen kobongan dèrèng kasoemerepan.

SAKING TANAH KEDJAWÈN.

Parepatan oemoem P. S. I. I.

Manggèn ing sakolahan Islamijah, Soerèngdjoeitan, Djokja, kala Kemis 6 Nov., sonten.

Sadèrèk Sangadji mabeni panganggepipoen tjang ingkang ngantepi agami kedah pisah kalijan politik. Panganggep makaten poenika lepat. Ingkang dados dasaripoen P. S. I. I. agami Islam.

Sadèrèk H. O. S. Tjakraaminata: ingkang perloe, nerangaken: 1. P. S. I. I. poenika dédé pakempalan ingkang remen damel onar oet. pepetjahan. Boektinipoen: wiwit roemijin tansah ichtjar ngawontenaken badan persatoean i. p. a. Ing taoen 1914—'15 ngawontenaken *Nationale Comité*, oemoeripoen namoeng 2 taoen, warganipoen: B. O., Narpa Wandawa Solo, Prinsendond Djokja, S. I., Abidarma-warga Pakoe Alam-an lss.

b). Taoen 1917—'18 ngedegaken *Democratische Concentratie* ingkang ladjeng santoen nama *Radical Concentratie*, oemoeripoen 3 taoen, gadah warga B. O., I. S. D. P; lss.

c). Taoen '28 rerembagan kalijan Ir. Soekarna, ngantos saged moedjoedaken P. P. P. K. I. d). Toemrap dateng toenggil golongan Islam, P. S. I. I. ichtjar ngawontenaken *All. Islam India Congres*, nanging poenika inggih ladjeng ambroek.

2. Sadr. Tjakra nantang dateng sinten kémawon ingkang saged

mboektèkaken bilih ing salebetipoen P. P. P. K. I. wonten pepetjahan.

H. A. Salim njarijosaken kapitoenanipoen perang-donja kala taoen 1914—'18, ingkang ladjeng noewohaken Volkenbond. Oegi ngandaraken sakedik bab anggènipoen ndatengi Arbeids Conferentie ing Geneve.

Balé agoeng.

Balé Agoeng! Namanipoen *adviseerende raad* kanggé pradja-pradja tanah Kedjawèn. Rantjanganing prenatal Balé Agoeng sampoen medal. Gandèng kalijan roepaking papan badé kawrat saking sakedik wiwit Sw. T. minggoe ngadjeng.

Kaoem mérah pista.

Mèngeti parté kominis Roeslan.

Kala tanggal 7 wantji gagat éndjing, wiwit satjelakipoen kantor Justitie doemogi pabrik Generaal Motors Tandjoeng Prijoek, ing saeroeting margi katingal wonten gandéra abrit pinandjer, mawi seratan basa Mlajoe. Oegi wonten serat-serat sebaran sami katèmplèkaken, njarijosaken bilih tanggal 7 poenika Nov. '30 poenika pangèngèt madegipoen parté kominis ing Roeslan sampoen tigawelas taoen. Gandéra-gandéra karampas. Ing serat sebaran anjeboetaken oegi sakedap malih badé wonten aksi nglawan kaoem hartawan. Poelisi pados katrangan.

Nanggoelang madat.

Nagari kapareng ngedalaken arta kanggé ambijantoe pakempalan Anti Madat ing Betawi, Orde van goede Tempelieren ing Betawi, toewin Anti Madat ing Bandoeng katabipoen f 5000,— f 1500 toewin f 4.700, kanggé nanggoelang nrejt.

Tjalon prijantoen pangadilan.

Lamaran saking Nederland.

Tilgram Aneta saking Den Haag, njarijosaken katahipoen meester in de rechten ingkang nglamar warawaranipoen Paréntah pados tjalon prijantoen pangadilan kanggé ing Indonesia, doemogi akiripoen wolan Oktober sampoen wonten 140. Ingkang 20 gadah diploma doktoral Ned. recht, ingkang 20 gadah diploma Indisch recht., ingkang 100 taksih dados moerid.

MANTJA NAGARI.

TIONGKOK. Nglawan kominis.

Tilgram saking Sjanghai tanggal 8 njarijosaken, tanggal 11 November poenika katamtokaken dinten papanggihanipoen Tsjang Kai Sjek lan Tsjang Swie Liang, sarta badé andatengi parepatanipoen Kwomintang. Tetijang nginten, papanggihanipoen pantoentoen kakalih poenika badé angijati aksi merangi kominis, saha damel kijating katentreman ing Tiongkok.

INDO-CHINA. Prahara ageng.

Salebetipoen minggoe kapengker, Indo-China katradjang prahara ageng. Katah grija-grija djoegroeg, adamel pepedjah. Ing Poeloe Condoro kémawon tjang kadjogroegan grija ingkang majitipoen sampoen pinanggih sampoen satoes. Djoeroe misaja oelam satjelakipoen soenglon Saint Jaques, apes wonten kalih dasa ingkang tiwas.

BRAZILIÈ. Dipoenakeni.

Kabar-kabar saking Rio de Janeiro njarijosaken bilih paréntah énggal ing Braziliè sampoen dipoenakeni ing Amérika Sarikat.

Nationalisten kalijan
Ontjèn Sw. T. no. 44, tanggal
31 Oktober, ngewrat prakawis
„Boepati Kristen.”

Panoetoeping karangan mawi
ngantepaken pitakénan makaten:

1. Tetjangan Kristen Indonesiër,
Katholiek lan Protestant, poenika
taksih dipoenanggep Indonesiër
poenapa boten?
2. Tijang Kristen Indonesiërs
nggadahi hak njepeng sadaja
pangkat ingkang dados hak-
ipoen Indonesiër inggih nggajoe
kamardikanipoen Indonesia?
3. Tijang Kristen Indonesiër,
nggadahi hak njepeng sadaja
pangkat ingkang dados hak-
ipoen Indonesiër inggih nggajoe
poenika, poenapa boten?

Serat Kabar *Sedio Tomo*, serat
kabar nasional ing Mataram, no.
254, tanggal 6 November, ngewrat
seratanipoen saodara *Si Klantoeng*,
amangsoeli pitakénan tiyang warni
kaseboet ing nginggil, makaten:

Pertanjaan kesoetoe, mesti diter-
angkan lebih doeloe, jang ditanja-
kan itoe woedjoetnja orang, apa
bagaimana? Kalau perkara woedjoet,
barangkali soedah tidak perloe di-
tanjakan lagi, djawabnja: mesti
begitoe.

Tetapi selainnja woedjoet ada
lagi jang perloe jaitoe perkara ha-
loe an (boekan haloe an, lo). Se-
bab jang betoel - betoel boleh di-
seboet dan dianggap Indonesiër itoe
boekan sadja woedjoetnja, tapi djoe-
ga haloeanja. Dalam hal ini lebih
baik dibalang semangantja. Hal itoe
tersilah collega Patjar Merah sen-
diri.

Pertanjaan kedoea, itoe tidak
mesti djawabnja. Klantoeng poenja
djawaban tentoe tidak sama dengan
djawabannja t. M. S. Loebis redac-

PRIMUM NAT.

Indonesiërs Kristen.
teuruitgever „Dewan”. di Mataram,
Boeat Klantoeng lebih asésé dengan
pikirannja t. Soetan Soemoeroeng,
redacteur „Persatoean” di Taroe-
toeng. Pendeknja Klantoeng bilang:
boleh sekali dan ridla se-
kali. Asal sadja soenggoehan, lo!

Tapi, ada tetapinja. Kalau ke-
merdekaan itoe dihoebogeng-hoe-
boengkan sama agamanja, Klantoeng
tidak bisa setoedjoe, sama djoega
tidak setoedjoenja Klantoeng dengan
agama jang lain-lain. Pendeknja,
kemerdakaan itoe oeroesan Staat
dan perkara Staat dengan Kerk itoe
haroes dipisahkan soepaja enak.

Djadi, Klantoeng tidak asese, oem-
pama saudara Kristen bisa pegang
tali pemerintahan Indonesia Mer-
deka, lantas maoe megatoer peme-
rintahan dengan tjara Kristenistis
dan maoe mengristenkan soedah
pendoedoek Indonesia. Sebaliknya,
oempama saudara dari lain agama
jang pegang tali pemerintahan, maoe
mengatoer begitoe, Klantoeng djoega
tidak maoe gezien. Sebab soesah
kalau begitoe....

Pertanjaan ketiga, tidak djoeh
bedanja sama pertanjaan kedoea.
Boeat Klantoeng mesti sadja geen
bezzaar alias tidak keberatan. Te-
tapi mesti sadja djoega dengan voor-
waarde, kalau itoe agama tidak di-
bawa-bawa dalam djabatannja.

Pendeknja, perkara itoe Boepati
Kristen, Klantoeng tidak maoe re-
welkan. Sebab memang tidak apa,
dan di Vorstenlanden malah soedah
belasan tahean ada Boepati Kristen
kelihatannja kok ja enak sadja....
Setahoe bagi pergerakan Moeham-
madiyah, lo!

Si Klantoeng.

Collega Klantoeng! Matoer noe-
woen toemrap katrangan pandje-
nengan. Katrangan waoe saestoe
katah pigoenanipoen toemrap per-
gerakan Katholiek!

Taklim: *Patjar Merah.*

OERAP - SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATOELIK.

Berkahan Grédja énggal ing
Samaitan.

*Saking Samaitan, redaksi tampi
pawartos.*

Kala tanggal 2 Nov. poenika Gré-
dja énggal ing Samaitan, sanadjan
dèrèng rampoeng babar pisan, ka-
berkahan pandjenengan dalem Kang-
djeng Biskop ing Betawi. Goeng-
goeng kempal ingkang sami ndèrèk
ngrenggengaken berkahan waoe ±
wonten sadèrèk 1000. kaétang kalijn
laré-laré saking Medari, Kadisaba,
Dera, Pakem, lan sawatawis saking
Bantoe, saha langgen-swara saking
Kotabaroe.

Bibar berkahan para tamoe ladjeng
katjaosan pakoermatan dahar saha
ngondjoek sakeparengipoen. Kint-
ten-kinten djam 10 Pandjenengan
dalem Kangdjeng Biskop lenggah
wonten ing sangdjanging gampoer-
ning Grédja dipoendjadjari padoe-
ka Pastoor Sträter saha Frater Soegija-
na. Sadèrèk pangarsaning Comité
ladjeng matoer noewoen dateng
pandjenengan dalem K. Biskop, dateng
wewakiling pangrèh Missie, dateng
wewakiling pangrèh pradja, dateng
K. W. Medari toewin dateng para
tamoe sadaja, déné sami merlok-
aken rawoeh saha soeka pembantoe
awoedjoed arta oetawi baoseoekoe.

Sadèrèk H. Martadeksana, nenangi
dateng para goeroe lan goeroe agami
koekoeban Medari soepados sa-
daja kémawon boten mawi pilih-
pilih sami sengkoet ing damel ndjaji
moerih saé lan kebaking Grédja
Samaitan sarana toelada lan njam-
boet damel sasarengan.

Ladjeng kasambetan sesorahipoen
sadèrèk Adi ing Bantoe, wosipoen
njarijosaken babadipoen Samaitan
wiwitipoen wonten pasamoan doe-

moenging madegipoen Grédja. Mi-
nangka panoetoep ladjeng Padoe-
ka Pastoor Sträter, paring piweleng
katah-katah, soepados para poetra
Katholiek lan magangan sami ngem-
men-emenaken migoenakaken Grédja
waoe, inggih poenika sarana:

I. Saben ing rikoe wonten saosan
Koerban Mis, sadaja kémawon sami
merlokna sowan ing Grédja, lang-
koeng-langkoeng ing dinten Minggoe.

II. Soepados para sadèrèk ingkang
tjaket lan Grédja waoe, sami mer-
lokaken sembahjang sesarengan,
soepados tjatjahing Katholiek saja
ngrebda.

**Pasamoean Katoelik Pekalongan
badé jasa Grédja.**

D. S. martosaken:

Koela mentas tampi serat „Druk-
werk” saking Pastoeran Pekalongan.
Wosing serat: I. paring dawoeh sa-
poenika ing Pekalongan saban Nga-
had wonten Mis Soetji ping 2: djam
1/2 sarta djam 8; II. paring dawoeh
ing woelan November poenika pan-
djenganipoen badé moendoet dana
dateng para sadèrèk Katoelik ing
Regentschap Pek. perloe kagem
jasa Grédja.

Minggoe 19/10-30 koela sabrajat
sowan, wasana manah: I. bingah, II
tjoewa. Bingah déné pangènipoen
njaketi, tjoewa: déné dèrèng saged
ngandika tjara Djawi oetawi Mla-
djeng.

Altar énggal ing Ambarawa.

Saking *Botjah Pening* kita pi-
kantoek pawartos bilih ing Grédja
Ambarawa pikantoek Altar énggal
saé sanget. Altar waoe sampoen
binarkahan kala 2 Nov. Ingkang
ambarkahi Rama Soepérjor A. van
Kalken.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

Pasaelajanipoen golongan Islam
kalijan Kabangsan.

Sagedagan poenika ing Indonesia
wonten pasaelajanipoen bangsa sami
bangsa, Indonesiër sami Indonesiërs:
golongan Islam kalijan Kabangsan.

Pasaelajan poenika boentoetipoen
panjang, saged oegi P. P. P. K. I.
petjah, P. S. I. I. medal saking ngriko.
Ing Bandoeng wonten Comité
Oemat Islam ngedalaken serat se-
baran, nedahaken lepatipoen go-
longan kebangsan.

Soepados pemaos Sw. T. inggih
saged toemoet mangertos pasaelajan
waoe, lan soepados boten klénta-
kléntoe, serat sebaran kaseboet,

koela tedak soengging kados ing
ngandap poenika:

Kaom Moeslimin Wadjib Sedar!

Moesoeh Islam Bertambah Banjak!

Agama Islam selaloe di serang, di ke-
dji, di tjela dan ditertjati, dimoe-
ka oemoem dan di soerat-soerat chabar, oleh kaom
kita sendiri, jang katanja maoe djadi
pimpin rajat.

1) Dr. Soetomo, Ir. Anwari, Sosrokar-
dono dan Dr. Samsi, telah berkata di
„Soeara Oemoem” No. 50, 54, 66, 69, 73:
a) Digoel itoe lebih moelia daripada
Makkah.

b) Ka'bah itoe berhala Arab.
c) Orang pergi Makkah tidak memoe-
njai kejakinan.
d) Segenap isi agama, tidak tjotjek
dengan zaman sekarang.

arti pergi bazar padjag dan njawa
oentoek keperajaan masing-masing.

f) Orang jang pergi Makkah itoe saban
tahean mati disana lebih koerang 1500
orang. Apakah ini boekan keroegian kita?

g) Orang Indonesia djangan berqiblat
ke tanah Arab lagi, tetapi hendaklah
berqiblat ke masjid Demak sadja.

h) Orang-orang jang pergi Makkah itoe
pergi boeang oeng oentoek keperloean
orang-orang Arab disana.

2) Mr. Sartono dari P. N. I. pernah
berkata di openbaar bahwa perempoan
Indonesia djadi hina sesoedah datang
Islam kesini.

3) Tjipto boeangan di Banda menoelis
soerat kepada Ir. Soekarno bahwa hen-
daklah kamoe bekerdja boeat merobohkan
koempolan politik Islam dan pemimpin-
pimpinnya, dan hendaklah kamoe ma-
soeki dan pengaroehi perkoempoelan
Moehamadiyah soepaja dibelakang kali
gampang djadi P. N. I.

4) Di waktoe P. N. I. masih hidoep Ir.
Soekarno sering poedji-poedji dan moelia-
moelikan Ramajana, Krisjna, Boedha
dan lain-lain ketoea kaom moesjrikin
di rapat oemoem, dengan alasan, bahwa
ia omongan begitoe karena anak-anak
moeda zaman sekarang soedah kemasoekan
roeh pahlawan² jang terseboet itoe. Tetapi
kalau kita, orang Islam, seboet sadaja
nama Islam, toeres dapat stopan dengan
soera Agama djangan di bawa-bawa
disini.

5) Pada tg. 19 October 1930 ini, pe-
rempoean-perempoan kebangsan telah
mengadakan rapat oemoem, karena hendak
meminta derma f 4500 koem kirim nona
Soewarni dan satoe gadis lagi barsama
satoe laki-laki (teroenja) jang keper-
tajaan, ke kongres perempoan di
Lahore.

Di vergadering tg. 19 itoe nona Emma
Poeradiredja djadi ketoea vergadering:
jang hadir ada kira-kira 1500; seperi-
lima dari itoe ada perempoan; tepoek tangan
accoord sampai berdesing telinga, tetapi
bus tetap kosong.

Nona Soewarni diberi tempoh seloes-
loesanja boeat bitjara dan menjerang
hoekoem-hoekoem dan atoeran-atoeran
sekalain bangsa dan agama dimoe-
ka boemi, ketjoeali agama dan
atoeran Europa. Katanja tjara Eu-
ropalah jang paling baik, karena Europa
beri hak sementara antara laki-laki dan
perempoan boeat pergaolan dan lainnja.

Tentang agama Islam, nona Soewarni
ada berkata:

a) Islam satoe agama jang merendahkan
deradjat kaom perempoan Indonesia.

b) Islam membatas hak-hak perempoan.

c) Islam melebihkan hak laki-laki.

d) Tjara kawin, tjara tjera, dan poly-
gamie (kawin lebih dari satoe) jang ada
dalam Islam itoe meroesak pergaolan
Indonesia.

e) Hoekoem-hoekoem Islam tentang
pertjaraan, sangat meroesak pergaolan
hidoep perempoan Indonesia.

f) Agama Islam menjeroeh perempoan
tha'at dan bakti kepada djelek.

g) Islam benarkan perkawinan anak-
anak jang kedjadiannja begitoe laki-laki.
Batjalah A. I. D. 20 Oct. 1930.

Boekan sadja itoe, tetapi ada beberapa
banjak lagi tjela-tjelaannja, hingga menje-
babkan beberapa s.s.ch. Indonesia, Tiong-
hoa dan Belanda mentjara actie dan isinja
vergadering itoe.

Soenggoehpoen koempoelan-koempoel-
an laki-laki dan perempoan Islam di
Bd. tidak ada jang di oendang ke ve-
rgadering nona-nona gadis itoe, tetapi
moedjoer djoega ada beberapa anak moeda
Islam jang minta bitjara. Anak² moeda
Islam itoe di beri tempoh hanja 5 menit
sahadja. Tetapi alhamdoelillah,
merekalah telah dapat mendoestakan bebe-
rapa omongan nona Soewarni dan telah
mbersihkan Islam dari pada toedoeh-
toedoehan jang terbit dari pada moeloet
gadis-gadis jang ta'karoen itoe.

Sekarang perloe kita bertanja:

1) Bagaimana moraal dan qualiteit nona-
nona itoe?

2) Apakah maksoednja mereka hendak
ke Lahore?

3) Patoekah ditolong ongkost bagi
maksoed itoe?

4) Pantaskah mereka djadi oetoesan
bagi kaom perempoan Islam kita?

Pertanjaan-pertanjaan itoe kita djawab
sendiri:

1) Tentang moraal dan qualiteit mereka:
Nona E Poeradiredja itoe seorang pe-
rempoan jang dapat didikan Barat dan
Theosofi. Kerdja djadi boeroeh di S. S.
Tinggal, makan minoem bertjamper,
berdjalan dengan bangsa Belanda.

Nona Soewarni dapat didikan Barat
toelan dan trompetnja pergerakan anti
Islam. Kerdja djadi boeroeh di G. B.
Bd. dan pergaolannja soedah terkenal.

2) Maksoed mereka maoe ke Lahore
ialah hendak mentjari hak persamaan
antara laki-laki dan perempoan. Jaitoe:
Laki-laki keloear dari roemah dengan
bebas, mereka djoega maoe begitoe. Laki-
laki tidak masak, mereka djoega tidak
maoe masak. Kalau dapat anak, boleh
kasi baboe pelihara. Laki-laki boleh tjera
perempoan, ja, perempoan djoega moesti
boleh tjera laki-laki. Laki-laki tjari isteri
sendiri, ja, perempoan djoega maoe
tjari sendiri, dan banjak lagi.

3) Tentang patoet dibantoe oeng boeat
ongkos nona-nona gadis itoe kesana, boh-
leh fikir sendiri.

Oeng f 4500 jang maoe dikeloearkan
boeat nona-nona pelesir ke Lahore itoe
apakah tidak baik diboeatkan satoe sekola-
lah perempoan boeat di adjar tjara-tjara
mengatoer roemah tangga, masakan,
potoekangan haloeh, mendjaga kesehatan,
memelihara, anak dan sebagainya jang
perloe di roemah tangga?

Tentang mengirim mereka sebagai
oetoesan itoe perkara gampang, tetapi jang
di fikirkan itoe ada lain, jaitoe kepoetoesan
dari sana nanti, maoekah kita
orang Islam dan perempoan-perempoan
kita terima? Tidakkah maloe kita mengi-
rim oetoesan nona-nona gadis boeat
oeroesan nenek-nenek, emak-emak dan
saudara-saudara perempoan kita jang
soedah djadi perempoan?

Orang Islam patoet sedar dan mengerti,
bahwa hampir semoea kaom kibangsaan
jang tidak berasas Islam itoe memoesoehi
Islam.

Wasalam

COMITE OEMMAT ISLAM.

Terdiri dari:

Permoefakatan Islam Bd.

Madjlis Ahli Soennah Indonesia.

P. S. I. Tjabang Bd.

Persatoean Isteri Bd.

Persatoean Islam Bd.

Comite Pembela Islam Bd.

ONTJEN S.

MELATI.

LAHORE, LAHORE!

Prija kalijan ébah-ébahan wanita.

Vrouwenbeweging! Pergerakan
wanita! Pantjen penting toemrap
adjenging bangsa!

Taen ngadjeng, ing Lahore won-
ten moesawaratanipoen srikandi-sri-
kandi ing tanah Asijah. Wonten
All Asiatic Women Congres!

Indonesia inggih dipoenolemi an-
datengi konggrès waoe. Toenggil-
ipoen ingkang dipoenolemi nagari
33 sami ing tanah Asijah. Saben
nagari gadah hak ngintoenaken wa-
kil 10.

Poenapa toedjoenipoen konggrès?

Manoet serat oeleman:

„Het getij van den Westerschen invloed
werkt van alle zijden met toenemende
kracht op ons in. Daarom is het hoog
tij, dat de Oostersche vrouwen een
juiste poging doen en den beste weg
zoeken om elkaar te verstaan en nader
tot elkaar te komen en onder elkaar
een geest van Aziatisch zusterschap te
ontwikkelen en te kweeken met het doel
alles te behouden wat van waarde is
voor onze oer-oude nationale en sociale
beschaving, en te onderzoeken en on-
derkennen wat het beste voor ons is
van buiten Azië.”

Dados:

- a. Soepados wanita Asijah saking
pinten-pinten nagari, sami te-
pang, raket.
- b. Ananem widji pasedérékan won-
ten kalanganing wanita Asijah.
- c. Sageda nglastantoenaken poena-
pa kémawon ingkang migoenani
toemrap adab toewin kasoesian
Wétanan, (sampoem ngantos ka-
desoek déning pangaribawa Ki-
lénan).
- d. Ngoepadosi prakawis-prakawis
saking sadjawining Asijah ing-
kang migoenani dateng wanita
Wétanan.

Sedya makaten poenika, loehoer.
Manawi koela bablasaken, gaga-
joehan poenika tjalon amoedjoek-
aken manoe nggiling wanita Wé-
tanan, toewin manoe nggiling wanita
Kilénan. Dados: Éropah nggolong
dados satoenggal, Asijah dados sa-
toenggal.

Poenapa kawontenan poenika, ing
béndjing, badé saged mahanani ka-
tentremaning bawana, poenika tak-
siah dados batangan!

Srikandi Indonesia dipoenolemi
dateng wonten All Asiatic Women
Congres! Dateng poenapa boten?

Sawenèhing golongan wonten ing-
kang mrajogékaken: *dateng!* Awit,
nama andjoendjoeng daradjading
Indonesia. Damel koentjaranipoen
siti kalahiran!

H. A. Salim, . . . saking kalangan
prija, sampoem ngoentjarakaken In-
donesia wonten ing Internationale
Arbeidsconferentie ing Geneve. Mi-
la, para ingkang sami roedjoek, nja-
rijosaken, larasipoen golongan wa-
nita inggih wontena ingkang maboer
doemoegi Lahore!

Sawenèh malih, (oep. golongan
Comité Oemat Islam) wonten ing-
kang mrajogékaken: *boten dateng!*
Awit, boten sapintena perloenipoen.
Saja ngèneti djaman pangiridan
poenika! Nglempakaken pasangan
f 4.500, boten gampang. Arta seman-
ten aloewoeng kanggé ngedegaken
sekolahan.

Toemrap ingkang moepakat késah,
sami kémangan anggènipoen pados
oetoesan. Awit, kedah *sembada*,
baet witjanten basa *Inggris*. Ka-
djawi poenika oegi karibedan pra-
kawis pasangan.

Salah satoenggiling kandidat oetoesan,
katjarijosaken: Mevr. Santosa,
sadèrèkipoen swargi R. A. Kat-
tini, gadah diploma hulpacte, oemoer
35 taen.

Ing ngriki kita pikantoek piwoelang
saé! Tétéla sanget bilih bangsa kita
kadjawi *mlarat arta*, taksih *kamla-
ratan tijang pinter* ingkang pantes di-
poenadjengaken wonten kalangan in-
ternasional. O, iba saénipoen, manawi
lebetipoen moeda Indonesiërs wonten
pamoelangan inggil saja katah! Iba
saénipoen manawi ing ngriki katah
pamoelangan loehoer! Kedjawi poe-
nika oegi tétéla wonten ing djaman
internasional poenika, kita betah
basa mantja sanèsipoen Walandi.

Wiwit koela ngantjik wonten ka-
langan serat kabar, sampoem kati-
ngal latjak koela *ngadjengaken
vrouwenbeweging*. Mila, toemrap
rembag All Asiatic Women Cong-
gres poenika, koela gadah ka-an-
tepan: „Manawa pantjen perloe,
bisa, sembada, ora ana alané ngi-
rimaké oetoesan menjang Lahore!
Kita koedoe *ichttjar!*”

Kanggé ngréntjangi ngoepados-
aken pasangan, soewaoe, ing Djarka-
ta wonten babadan saking kalangan
prija. Tjarijosipoen Bintang Ti-
moer, warga pangrèh P. P. I. I. boten
poeroen dados warganing komité
waoe. Awit, kalangan wanita gadah
idam-idaman *njamboet damel pijam-
bak*. — Nanging sapoenika komité
djalar waoe kabibaraken. Warga-
nipoen sami mlebet dados *djoeroe
rembag* wonten komité-Lahore ja-
san wanita.

Kaantepanipoen pakempalan wa-
nita makaten waoe, koela aosi sa-
ngnet. Awit, boten perloe ngedegaken
vrouwenvereniging barang, manawi
poenapa-poenapa mawi *dipoenkijati*
golongan prija; manawi pakempalan
waoe namoeng dados *slomprètipoen*
tijang djalar.

Tijang, oetawi pakempalan prija,
poenika wonten salebetipoen pa-
kempalan wanita kedah namoeng
gadah wewenang *soeka rembag!*
Sampoem ngantos anggènipoen won-
ten ngriko ladjeng kanggé *pados
pangaribawa!* Sampoem ngantos la-
djeng *medjahi initiatief*-ipoen go-
longan wanita! Sampoem ngantos
medjahi pribadinipoen golongan wa-
nita!

Kawontenan ingkang koela soe-
merepi: kadang wanita Katolik,
manawi késah dateng parepatan
Wanita Katolik, mawi dipoen-
teraken! Ingkang ngeteraken rabi-
nipoen, oet. sadèrèkipoen. Kawon-
tenan makaten poenika, koela *matoe-
sanget*. Lan prajoginipoen inggih
kedah makaten.

Kakoeng ingkang sami ngeteraken
waoe, manawi boten wangsoel,
(mangké metoek), inggih kantoen
wonten papan parepatan. Prija ing-
kang sami kantoen, poenika kerep
ladjeng toemoet *naramboel* rem-
baging parepatan. Poenika boten
saé! Adakanipoen, manawi sampoem
wonten prijantoe kakaewng ngan-
dika, boten wonten warga W. K.
ingkang wani nishi pamanggih.
Malah koela naté mireng, wonten
parepatan W. K. ingkang rembag-
ipoen kadajan *kakoeng* satoenggal!
Kénging *soegèstinipoen* prija sa-
toenggal!

Oetawi malih, ing *wekdal samang-
ké*, sawangan koela, lenggahipoen
kadang prija Katoelik, wonten sale-
beting parepatanipoen W. K., ad-
mel boten mardikanipoen warga
W. K. anggèné badé sami ngedal-
aken pamanggih!

Amila, pamrajogi koela, prija ing-
kang ngeteraken, ladjeng ngentos
kibaring parepatan waoe, soepados
mijambak oetawi *kapjambakaken*
lenggahipoen. Sampoem ngantos
ngrégoni!

Dados, tangkep kita, para prija,
dateng pakempalan wanita, kedah
namoeng *soeka rembag*. Boten ké-
nging *tjamper tangan!* Sampoem
ngantos *masés!* Sampoem ngantos
tjari pengaroeh! Sampoem ngantos
medjahi initiatief-ipoen!

Poenika atoer koela toemrap All
Asiatic Women Congres!

Poenika *panjarowènipoen* Patjar
Mèrah dateng *golonganipoen* pijam-
bak, dateng *badanipoen* pijambak.
Kritiek ingkang amrih rahajol! Pa-
njarowé ingkang amrih saé!

Pandjenengan sadaja ingkang *ngli-
lakaken* garwa pandjenengan, sa-
dèrèk pandjenengan poetri, sami
lélédang wonten kalangan perge-
rakan! Koela atoeri njatet atoer
koela poenika!

Kumuningsasélé, 9 Nov. '30.

Taklim: *Patjar Merah.*

CORRESPONDENTIE.

Saking Red. Para mandjoeroeng kabar ing Sw. Tm, jèn damel kabaran ingkang tjekak!
1) Sampoem tampi karangan-karangan saking: Poen C. P. Ragil: Ki Ranggadarminta: nanging dèrèng saged matjak.
2) P. Ragil, béndjing malih, jèn kintoen karangan, sampoem kanamakaken „Drukwerk”, soepados ing ngriki sampoem ngantos angsal dendan!
Saking Adm. Abn. 357 (Dj.) lan abn. 219 (B. S.) pandjenengan pindah dateng poendi?

saking 135 (satoes tigang dasa gangsal).

Madegipoen saestoe pilihanipoen bestur tg. 28-9-'30.

Bestuuripoen; prasasat wonten 2 golongan: I mendet golongan prijaentoen; II mendet golongan tijang alit, kedjawi voorzitteripoen: voorzitteripoen: 1 Hr. Prawirohardjo (goeroe N. S.). 2 Hr. Soegondo t. ékn. Irrigraatje, Secr. 3 Odong mantri goeroe H. I. S. I penningm.

Wonten malih lid bestuur kanggé kantja alit.

1. Sastro (Slamet) (schoenmaker).
2. Wongsasoediro II penningm. (djagal).

3. Samoer; Sirin; Roeslam; wonten malih sanesipoen: (Commissarissen).

Wiwitipoen njamboetaken (nglampahaken artaipoen) tg. 11-10-'30. Manawi arta sampoer saged ageng saestoe, lan wonten langkoengipoen saking ingkang dipoenlampahaken; poenika dipoenlampahaken dateng bank Nationaal Soerabaja.

Panjerat ngatoeraken kasoegangan dateng adegipoen P. C. C. I. boten langkoeng moegi-moegi sageda widada; ngrebda; lan kadoemoegèn sedyanipoen; lan sageda mbèngkas dateng ama no. I inggih poenika

MAS DJELÈH; awit manawi salah satoenggaling aandeelhouder wonten ingkang kaparag ing ama djelèh; mangka boten ladjeng toemoenten kasirnakaken boten sandé noelar. Wekasan

Namoeng inggih sampoer ngantos sadèrèk; ngènggetana toedjoenipoen: ageng sanget pigoenanipoen; kados poenika margi ingkang saé kanggé ndjoendjoeng lan ndandos: ngadjengaken bangsa kita; badé kaadjengna kados poenapa, manawi prekawis satoenggal poenika (Financieel oetawi roemah tangga kita) taksih pating sléngkrah, pating sengkèjèk, boten sandé inggih moendoer: boten saged madjeng. Ingkang poenika sampoer ngantos djelèh; soeda oet. moendoer; wangsoel mandar saja mindak-mindaka aandeelhouderipoen; lan ngrebda; ing poendi-poendi panggènan ingkang sakinten saged ngedegaken, sageda madeg pakempalan Crediet Coöperatie poenika.

Namoeng poenika atoer koela

J. KOES.

N. B. Panjerat namoeng mireng slenting-slenting ladjeng nanggap dateng Hr. Wongsasoediro 2e. penningmeester.

Adidarsa P. G. B. Soewardja P. G. D. Digidwardaja K. B.

Menggah ingkang kadjoemenengaken adviseur pandjenenganipoen: R. Somaatmadja S. O. adviseur bab opvoeding, lan R. Dirdjasebrata (roemijin goeroe Kweekschool Moentilan) adviseur bab onderwijs.

Comite lan wakil verbondbestuur marem, déné P. G. H. B. ing Kendal saged madeg kanti warga 130, respectievelijk: P. G. D. 95. P. N. S. 8, P. G. B. 19. K. B. 6. P. S. O. 1. H. K. S. B. 1. (Dib.)

DAJANING NGABOTOHAN.

H. Tj. martosaken:

Dèrèng dangoe poenika Sw. T. ngabaraken jèn ing doesoer Kaloerahan Plasa o. d. Ngloewar, distrik Salam (Kedoe), wonten papan ingkang dados adjangipoen ngabotohan.

Panjerat tampi kabar saking Salam, bilih kala dinten Slasa sonten 14 Oct. '30 poenika ing doesoer Salam wonten lèlampahan ingkang damel geter. Tjrijosipoen makaten:

Wonten satoenggiling tijang gadah anak saweg sakit, emboking anak (sémahipoen) inggih radi krek-krek. Ing dinten kaseboet bakapipoen gendoe matjak keras, manganggé sarwi bregas, djam ranté mas, ladjeng njandak pit kabekta medal, blas késah, dateng poendi poeroegipoen? Boten kasoemerepan. Let sawatawis djam bakapipoen gendoe wangsoel; nanging pit lan ranté djené katingal sampoer boten wonten. Anggènipoen mantoek namoeng preloe neda jatra dateng sémahipoen. Sémahipoen inggih njoekani f 75,— Paké gendoe sareng sampoer nampi jatra f 75,— késah malih. Boten let dangoe (namoeng sawatawis djam) sampoer wangsoel lan jatra sampoer telas. Sareng bokipoen gendoe ngratos jèn telas-telasan ing semoe katingal jèn prihatos, moering-moeringipoen dateng ingkang djaler, anak alit ingkang saweg sakit kadadosaken banten, dipoenlinggih, toedjoenipoen bapa taksih ènget, poen bijoeng énggal dipoentarik lan tangga ter palih oegi tandang, manoeit kabasakitipoen laré saja nemen.

Ènget sadèrèk bok inggih sampoer ngindakaken banda srana main! Bab agenging bebaja, pandjenengan sampoer priksa pijambak!

SAKING TANAH KEDJAWÈN.

P. P. P. P. A.

Sengkoet tandangipoen.

Kala Ngahad 2 Nov. ing Mataram wonten propaganda P. P. P. A. kanggé kadang Katholik Djawi, manggen ing kamar dolanan ing sakolahan Broederan. Sadèrèk C. Soegiri nerangaken bab toedjoe lan paedahipoen pakempalan poenika. Katjarjosaken oegi manawi panggrèh P. P. P. A. anjoewèn dateng Nagari manawi saweg anglampahi wadji, oep. ngeroes laré itjal, saged mlebèt ing papan-papan ingkang boten kénging dipoenlebeti tijang limrah, saged njeper lalahanan, saged pikantoe bijantoe saking poelisi lss Paréntah tétéla ambantoe sanget dateng pakempalan poenika.

Sadèrèk Prawirasoe marta njambeti sosorahipoen sdr. Soegiri, ngandaraken soepados tijang inggih manah dateng kasoehilan ing Ngajodja, toemandang amrih itjalang palanjahan. Kadjawi poenika inggih soepados andandosi kasoehilaning wanita ing kita ngriki, ingkang risak déning ketoprak. Djampi ingkang mandri, sarana: boten nonton tetinggalan ketoprak.

Sadèrèk Setiardi sesorah soeraoipoen: adjak-adjak soepados gotrah Katholik ngadegaken Bank.

Koela ngadjeng-ngadjeng soepados prapagandah P. P. P. A. waoe ngadalaken woh katah, tegesipoen: katah gotrah Katholik ingkang nggeboer ing kalangan ngrikoek.

Apjoen Djawi Tengah.

Ing Éropah wonten ébah-ébah ngitjalaken sesakit apjoen saking djagal. Amila badé ngwontenaken moesawaratan, dawah taoen ngadjeng. Indonesia inggih migatosaken rembag poenika. Malah paos apjoen ing ngriki inggih.

Ing Tiongkok, apjoen satail regi kirang langkoeng f 2, manawi sampoer dipoenmangsak ing pabrik regi f 4 satail, kasadé wonten Indonésia kirang langkoeng f 30 saben satail. Margi makaten waoe, boten maiben déné katah tijang njoba sadé tjandoe peteng.

Ing Djawi Tengah, ingkang kénging sasakit lara ireng, katawis soeda. Bangsa Tionghoa ingkang karem dateng satoenggal waoe, katingal katah sanget ingkang ngemohi. Pranatan lisènsi oegi angréutjangi soedanipoen tijang njerèt. Ing Koedoes oepaminipoen, ing dalem sawatawis taoen kémawon, tjatjahipoen tijang njerèt soeda kirang langkoeng 2/3-nipoen.

Ing kita Semarang kala taoen kapengker wonten panjadéjan tjandoe 170, sapoenika sampoer soeda dados 162.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

I. E. V. NEDA HAK SITI.

I. E. V. ! Indo Europeesch Verbond! Pakempalanipoen para Walandi Indo! Pakempalan poenika, neda wewenang andarbèni siti. Neda *grondbezitsrecht!* Saking derenging aksipoen, kados ingkang kapratélakaken ing Swara Tama minggoe kapengker, I. E. V. afdeeling Bandoeng ngantos ngawontenaken protestvergadering. Kanggé nandingi artikel ing *De Stuw* ingkang njantolani pikadjenanganipoen I. E. V. Artikel waoe, karanganipoen toewan v. d. Plas adjoeng Adviseur Inlandsche Zaken.

I. E. V. ! Pakempalanipoen golongan ingkang ngakenipoen pijambak langkoeng tata tinimbang Inlanders. Golongan ingkang tjarijosipoen langkoeng inggih tataraning adabipoen tinimbang si koelit nembaga. Langkoeng pinter, langkoeng andjalegedag tinimbang orang Djawa.

Wonten ing protestvergadering waoe, manoeit *Mataram*, ir. H. Biezeveld, moeda-pangarsa I. E. V. Bandoeng, kawedal temboengipoen: „Want, . . . — als we even Java buiten beschouwing laten —, er is in het groote rijk van Ned.-Oost Indië nog ruim voldoende grond om aan alle verlangens der Indo's in dit opzicht te voldoen, zonder dat één Inlander daarvan ook maar in het minst schade of hinder zou kunnen ondervinden . . .” (Dojonging aksara déning *Ptjr. Merah*).

Dados insinjoer waoe njarijosaken: manawi tanah Djawi boten kapétang, ing tanah Hindia Belanda poenika taksih katah siti, ngoblak-oblak, nje-kapi kanggé minangkani sadaja panedanipoen para Walandi Indo ing bab prakawis poenika, toer tanpa adamel pitoena sakedik-kedika oetawialangan dateng Inlander satoenggal kémawon.

Mangga, rak baet damel pétangan ta? Koela ngandel bilih insinjoer tijang saged. Ngandel, bilih insinjoer baet ngotak-atik tjengkorongan wangoenaning grija. Baet damel pétangan pandameling kreteg-kreteg, wadoek, sasaminipoen.

Pinter, baet, damel pétangan tjengkoronganing grija, kreteg, lss. Poenika boten ateges mesti moepeni sawarning prakawis. Malah terkadang wonten nalar, ingkang insinjoeripoen langkoeng goblog tinimbang tijang limrah.

I. E. V. -er! Sampéjan ngaken tijang pinter! Langkoeng beschaafd tinimbang vise Inlanders. Langkoeng andjegedag, langkoeng menang samoe kawisipoen.

Sampéjan rak inggih mangertos, ta, manawi ing ngriki mentas wonten Volkstelling? Poenapa sampéjan inggih mangertos, tjatetan voorlooppig tjatjahing djiwa ing ngriki, manoeit pétanganipoen Volkstelling?? Ah, mesti mangertos!

Ing salebetipoen sadasa taoen, djiwa ing ngriki mindak pinten-pinten mlijoen. Ing tanah Djawi kémawon indakipoen langkoeng saking nem joeta. Poenapa sampéjan inggih boten mangertos?

Koela njamboet temboengipoen Serdu, ing *Alg. Hadbl.* 21 Okt., „ Weet gij dus (— mijzheer de I. E. V. -er — *Ptjr. Mrh.*) dat de bevolking van dit land vele miljoenen is toegenomen, in een tijd, waarin over de gansche wereld de bittere strijd om het bestaan steeds zwaarder wordt gevoeld, en bitterder gestreden; dat er meer monden zullen zijn dan er voedsel voor is?

Temboengipoen Serdu ing nginggil poenika siripoen kanggé *ngétjé* tetijang kaom kabangsan Indonésiers, gandèng kalijan indaking djiwa ing ngriki majoeta-joeta. Kanggé *ngétjé*, soepados kaom kabangsan soemerep bilih kapital lan imperialisme Kilénan poenika inggih wonten

Ing taoen kapengker (1929) Opiumregie Djawi Tengah ngangsalkan arta: f 4.722.174,45:
f 1.151.052,30: kwartal I:
f 1.195.462,50: kwartal II:
f 1.211.214,— kwartal III:
f 1.164.265,65 kwartal IV:

Ing taoen poenika, angka-angka waoe:

Kwartal I: f 1.006.852,80.
Kwartal II: f 1.008.973,65.
Kwartal III: f 1.008.140,70.

Dados ing salebetipoen sangang woelan ing taoen poenika pamedalipoen Opiumregie tanah Djawi Tengah soeda langkoeng saking sate-

paedahipoen; oet. „dat er aan dit Westersche imperialisme en kapitalisme toch „ook” wel voordeelen verbonden zijn.”

Boten mangertosa, manawi sapoenika temboengipoen Serdu waoe, dipoentjatet Patjar Mérah kanggé noetoe golongangipoen Serdu pijambak!

I. E. V. -er! Golongan sampéjan pijambak, Serdu-nipoen Alg. Handelsblad, tjarijos: „ Djiwa ing kéné moendak pirang-pirang mlijoen, Lan oendaké maoe ing dalem kala mangsa ing saindenging djagal pada karasa saja abot moenggolé rekasaning wong golék pangan; enggoné *perang-redjeki* saja anderpati! Apadéné manèh, bakalé loewih akèh tjangkemé tinimbang pangane!

I. E. V. -er! Mangga ta dipoenlimbang kanti weninging boedi! Sampoer angoengaken doepèh menang, ladjeng srakah!

Tijang ngriki, djiwanipoen saja mindak-mindak! Tjankemipoen saja katah, mlijoenan! Lan sadaja betah neda, betah sekoel, betah pangopa-djiwa. Dados boten namoeng I. E. V. -er ingkang betah isining weteng. Mangka bandanipoen tijang ngriki namoeng *siti*. La manawi siti ingkang kantoen sakedik poenika, meksa dipoentjoewil malih kasoekakaken sampéjan, bangsa koela poenika oeman poenapa? Badé neda saking poenapa? Bokmanawi langkoeng lega, manawi sadaja Inlander dados batoer sampéjan, tegesipoen: boten wonten Inlander ingkang njamboet damel bawa pribadi!

Boten soesah tijang nggoerokaken dateng sardjana! Tijang doesoer, Inlander goblog kémawon, manawi soemerep kawontenan ing nginggil, saged damel pétangan: „bangsakoek tansah moendak-moendak mlijoenan, nèk lemahkoé dilong dikéké wong lija, dikon ngolah bèn kana wetengé wareg, ora woeroeng bangsakoek déwé mesti kapiran, wetengé kotong”.

Lo, poenapa sampéjan kawon kalijan Inlander goblog? Poenapa pétanganipoen insinjoer kawon patitis kalijan kaom *gaoe-loekoek*?

Katakanlah toean I. E. V. -er, bahwa aksi toean itoe tidak akan meroegikan soetoe apaoen kepada kita kaom Inlanders!

I. E. V. -er! Bok tijang poenika tepa slira! Pak Krama kémawon temtoe saged pitakèn dateng sampéjan makaten: „Saoepami nagari Walandi katah sanget djiwanipoen Indonésiers, ladjeng bangsa koela ingkang kraos manggèu wonten ngriki waoe, neda siti nagari Walandi, kados aksi sampéjan wonten ngriki wekdal sapoenika, poenapa bangsa Walandi inggih angsal? Hara, koela baé boten angsal! Mesti abot wetengipoen pijambak tinimbang wetenging sanès!

I. E. V. -er! Sampéjan ingkang tjarijosipoen langkoeng beschaafd tinimbang koela sadaja, gadah tindak makaten. Poenapa poenika laras? Sampoer terang djiwa ngriki saja mindak - mindak pinten - pinren mlijoen, kok malah dipoenangkah soepados kalong sitinipoen. Mangka siti waoe dados soemering panggesanganipoen! Poenapa makaten poenika pokaling beschaving? Njatanipoen: ja bèn Inlander wetengé *krontjongan*; waton akoe déwé bisa mangan!

Kadjawi ta, manawi sampéjan ladjeng *santoen sipat dados Indonésiers ndjawi nglebet*. Poelitik sampéjan dados *poelitik Indonésiers*, gegajoehan sampéjan, *gegajoehan Indonésiers*, sampéjan ladjeng neda hak siti ngriki, poenika nama mèmper. Mangka nitik kawontenan sampéjan ing sapoenika, tangèh manawi makatenal Mangertos?????

Kumuningsaselé 3 Nov. '30.

Talim: Patjar Mérah.

CORRESPONDENTIE.

Para mandjoereng kabar ing Swara Tama manawi damel kabaran, ingkang tjekak! Red. Sampoer tampi karangan-karanganipoen: Darmowinitjoro: Poen C. Rr. Poedjowati: Pards Koedarsih: Percy Blake-ny; nanging derèng saged matjak. Noewoen!
Adm. Abn. 357 (Dj.) lan abn. 219 (B. S.) Pandjenengan pindah dateng poendi? Abn. 352 (R.M.P.C.Dj.-Pr.) ing Ktdj. pandjenengan kanggé taoen '30 sampoer sah!

ngah mlijoen tinimbang salebetipoen tijang kwartal ing taoen kapengker. Ing taoen poenika, pamedal opiumregie bokmanawi boten wonten kawan mlijoen.

OERAP - SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Indische Katholieke Radio-Vereeniging.

Betah warga, tanpa mawang bangsal
Kontribusi saroe-pijah sataoen!

Ing djaman modern poenika, sarananing propaganda boten namoeng medal ing serat-serat kabar, boekoe-boekoe, film, toewin sesorah-sesorah. Oegi medal ing radio.

Tétéla sanget bilih gotrah Katholik ing ngriki oegi ambetahaken radio waoe, kanggé preloening rohani.

Mangka, paréntah amratélakaken boten kagoengan pakèwed poenapapoenapa manawi wonten prakawis Agami kalebetaken ing pagoeneman-radio, oeger ingkang mirengaken, katah sanget ingkang tjotjog. Dados radio poenika kénging kaanggé preek, lss.

Angèngeti poenika preloe sanget manawi R. K. Radio Comité saged gadah bala tijang Katholik sadaja Indonesia ngriki.

Komitè waoe sakedap malih badé ngedegaken pakempalan Radio Katholik.

Wonten ing *De Koerier*, Komitè waoe njerat makaten: „Amila Komitè njowoer soepados sadaja wandawa Katholik, boten pradoeli bangsa poenapa, toemoentena karsa pratéla ngarsakaken dados warganing R. K. Radio-Vereeniging ingkang sakedap malih badé dipoenedegaken. Kontribisinipoen namoeng saroe-pijah sataoen. Ingkang kersa dados warga, koela atoeri ladjeng pratéla sarana kartoeopos, langkoeng prajogi sarana wissel isi saroe-pijah. kaadresaken dateng toewan Th. G. van Leeuwen Sawohlaan 50, Weltevreden. Postkantoor: Batavia-Gondangdia.

Ingkang lenggah wonten Komitè: padoeka Rama J. W. M. Wubbe, S. J. pangarsa, Th. G. van Leeuwen, Secr.-penningm.: lan toewan-toewan W. Burer, W. A. van Cuyck, H. P. Matthee, P. L. G. Mazel, J. A. Monod de Froideville, Mr. H. G. J. Morshuis, G. Pastor, B. Pley, Ir. E. van Vianen, . . . sami warganing Komitè.

Perloe koela èngetaken dateng para maosing Sw. T. bilih kaseboet ing nginggil poenika kabetahan Katholik oemoem oet. een algemeen katholiek belang.

KABAR OEMOEM

INDONESIA.

P. G. H. B. Kendal.

Saking rékadajanipoen comite ingkang sami dipoenalirani para sadèrèk: Wirjasiswaja, Soekatja, Soerat, Resamidjaja, Adidarsa, sarta Sasrahadisoedarma, ing Kendal kala tanggal 26 October poenika, saged kaleksanan wonten tjabang P. G. H. B. Ing dinten Minggoe waoe saben groepbond P. G. D. P. G. B., sarta P. N. S., sami damel parepatan pijambak-pijambak.

Djam 11 têng para goeroe-goeroe ing sarengsahapan sami nglempak wonten ing soos Habi-Proja Kendal, ingkang rawoeh kakoeng poetri ± 135, sami koeleman ngedegaken P. G. H. B. Oetoesan saking verbondbestuur P. G. H. B. wonten kalih. Sareng parepatan sampoer kabikak satjaraning vergadering, pangarsa comite ngatoeri sad. wakil verbondbestuur ndorèngaken bab P. G. H. B.

Sadèrèk Hadisoertira oetoesan verbondbestuur P. G. H. B. ngandaraken, bab vakvereeniging lan babadipoen P. G. H. B., Vakvereeniging kapendet saking „Perserikatan Sekerdja” goebahanipoen pandjenenganipoen pijambak. (Boekoe waoe sampoer kaparahaken P. G. H. B., pepadjenganipoen arta loemebet ing kasing P. G. H. B.) Déné P. G. H. B. kadjèrèng wiwit kaasta Dwidjaséwajan, Soepadman, Soetapan, ngantos doemoegi sapoenika.

Satelasing sesorah sarta sasampoenipoen mangsoeli pitakèn-pitakèn, ladjeng pilihan panggrèh. Ingkang kapilih sadèrèk-sadèrèk: Reksamidjaja, K. B., voorzitter Handaja H. K. S. B. vice voorzitter, Soekatja P. N. S. sekretaris I, Soerat K. B. sekretaris II, Wirjasiswaja P. G. B. penningmeester. Commissarissen para sad.: Digdasoemarta P. G. B., Sasrahadisoedarma P. N. S.,

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

Soemangga sami ngabarna ing SWARA-TAMA

**ER
ER
ER
ER
ER**

Receipt

ADOTHEKEN
Rathkamp & Co
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin. TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-poen kalajan lelahan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRJOSOESENO”

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

Toko DJOEN & Co., Djocja.
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan — permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pjan, témbok lsp. Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas. Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni saged tanpa wates.

Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, f 0,90.
(mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saban 1 H.G. f 0,50, saban 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

VERFFABRIEK R. B. FRIELING GONDHOMANAN 80. DJOKJA

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8	Pekalongan 6.30-8	Kepandjèn 6-7-9
Amboina 7.30	Lawang 6-7	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Bandoeng 6-7.30-9	Magelang 7-9	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Benkoelen 7.30-9	Makassar 6-7.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Buitenzorg 6-8	Manado 6-7.30	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina)	Sambas 6-8.30	Tegal 6.30-8
Djember 7.30	Medari 7.30	Sambong 8	Tering 7
Djokja:	Meester Corn. 7-9	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap 7.30
Kampementstraat Eur. 7-9	Mendoet 6-7.30	Sedajoe 7	Tjimahi 6-8
Jav. 6-8	Modjokerto 6-8	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9
Kota Baroe 6-7.30	Moentilan 5-6-8	Semarang: 6-8	Wates 7
Djombang 1) 7.30	Muntok 8	Gedangan 6-8	Weltevreden: 6-8
Fort de Kock 7.30	Ngawi 7) 7.30	Bangkong 6.30-8.30	Waterlooplein 5.45-7-9
Gandjoeran 2) 7	Padang 7-8.15-9 (tjina)	Tjandi 7.30	Kramat 6-8-9 (mal.)
Gombong 3) 7.30	Padang Pandjang 7.30	Randoesari 7-9	Wonosobo 8) 7.30
Keboemen 4) 7.30	Pajakoembo 7.30	Singkawang 6.30-9	Woloan 8.30
Kediri 7.30	Palembang 7-9	Soekaboemi 6-7.30	
Klatèn 7.30	Pasoeroean 1) 7.30	Heuvel 5.30	
Koeta Radja 6.30-8		Soerabaja:	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Gendis Cuba.

Boten angsal medal gendis.

Tilgram Aneta-Reuter saking Havana njarijosaken bilih president ing Cuba ananda-tangani serat kakan-tjangan ingkang soeraosipoen kanggé sawatawis wèkdal angawisi nagari Cuba ngedalaken gendis, ngiras ngentos toemapaking rantjangan Chadbourne.

Goeroe saking Nederland.

300 ing dalem kalih taoen.

Departement van Onderwijs, kanggé anjampti kabetahan poenggawa ing djagad goeroe salebetipoen taoen 1931 lan 1932, anjoewoen dateng Minister van Kolonièn ing nagari Walandi soepados sataoen-taeni-poen dipoenparingi goeroe adiploma hoofdacte 150. Ing taoen poenika sampoen dipoenedaki goeroe 100, dados ing taoen '31 waoe mindak 50% samanten oegi ing taoen 1932 inggih mindak 50%.

Rèhné goeroe djaler ingkang gadah diploma makaten waoe lan ingkang njekapi kapapanaken wonten Indonesia, ing Nederland saged oegi boten anjekapi, amila Departement van Onderwijs oegi mratélakaken bilih ingkang kaparingaken waoe oegi kenging goeroe èstri.

Dados kawontenan poenika soelaja kalijan ingkang toemindak sawatawis taoen poenika, i. p. sasaged-saged njirik goeroe èstri, kabekta déning prakawis idjab ingkang wontenipoen ladjeng damel pitoenaning Kas nagari. Makten tjarijosipoen *Het Nieuws*.

(Iba saenipoen manawi ing ngriki dipoenwonteni pasinaon makaten waoe, awit ladjeng boten karaja-raj

andatengaken goeroe saking tanah Walandi. Red.)

Kobongan ageng.

Tilgram saking Bima njarijosaken kala malem tanggal 24 Oktober ing kita Raba wonten kobongan ageng, nelasaken grija kawan dasa, kapi-toenèn wonten gangsal èwoe roepijah.

S. S. lan pangiridan.

A. I. D. pikantoe katrangan saking prof. ir. P. N. Max hoofdinspecteur Staatsspoor en tramwegen asoeraos S. S. boten ngwontenaken pangiridan poenggawa, boektinipoen doemoegi sapriki dèrèng wonten dawoeh makaten poenika saking nagari. Pawartos-pawartos bilih poenggawa èstri ingkang boten anjanggi rajat badé kapotjotan poenika inggih pawartos tanpa wawaton. Ingkang terang: poenggawa èstri ingkang boten njanggi batih, lan ingkang panjamboet damelipoen tijdelijk, boten badé kaangkat kabenoem tetep.

Kadjawi poenika toewan Max inggih mireng bilih Departement Jajasan Nagari manggalih bab tjaringan pangiridan, nanging dawoeh opisijil prakawis pangiridan ingkang ngéngngi personeel, dèrèng wonten.

Sida woeroeng.

SG. martosaken: Prijantoen ing Gondang (sakwétan Sragèn) roemijin kerep kempalan, perloe badé ngwontenaken: bank, kanggé njamboeti bakoel²; kagalih tinimbang sami njamboet dateng Tionghwa mindring, langkoeng prajogi njamboet dateng bank-pakempalan, nanging „Sida woeroeng”, djalaranipoen mbok manawi kema-

won saking „Panoembasing andeel.” — Pakempalan ting (pepadjar ing wantji daloe) kémawon „sida woeroeng”, sakpoenika malah sampoen watawis dangoe dipoenroemijini pakempalanipoen bangsa Tionghwa.

Habi-Praja - Kendal.

Pembantoe kita Dib martosaken kala Okt. tg. nèm, panti-soeka „Habi Praja” ing Kendal damel parepatan toenan. Kawontenaning warga lan arta madjeng. Arta mlebet f 1603,25, medal f 1233,02, saldo f 370,23. Taoen kepengker saldo wonten f 190,96.

MANTJA NEGARI.

ITALI. Lindoe ageng.

Itali katradjang lindoe ageng malih. Tilgram tanggal 30 saking Rome, martosaken ing distrik Senigallia wonten tijang 10 ingkang tiwas, tatoe 275. Ing Ancona: kalih pedjah, lan 60 ketaton, grija-grija wonten ingkang djoegroeg. Ing Pessaro, wonten tijang ketaton 8, Mondello 22, lan ing Fano 6. Lindoe saganten andjalari wontening lindoe-boemi, nradjang plaboehan Ancano, toetenggoeling palaboehan Itali. Ravenna lan Foenza ingkang roemijin sampoen katradjang lindoe, risak malih. Tijang ingkang pedjah kadjoegroegan grija, sampoen pinanggih ± 30. Oegi wonten tijang andèrèk Mis (wontenipoen lindoe-wantji èndjing —) pedjah sasarengan kalijan imam, margi kadjoegroegan pajoning Grédja. Lindoe poenika pinanganipoen wonten Adriatische zee; dangoenipoen (— mawi kèndel barang —) 20 menoet, karaos doemoegi Padua, toewin Roem. Ing An-

cona katah gedong-gedong djaman kina risak.

TOERKI. Bandjir.

Salebetipoen minggoe kapengker wonten bandjir ageng. Sakolahan-sakolahan lan mesdjid ing Smyrna dados pangoengsenipoen tijang 2500 brajat ingkang sami kètjalan barang-barang lan grija. Majit ingkang pinanggih langkoeng 100. Kapitoenèn ± 2 mlijoen pondsterling.

FORMOZA. Katah tijang dipoen-belèh.

Tilgram saking Tokio 30 Okt. njarijosaken kala Senèn tetijang Djepang katah sami nengangi pista-olah raganipoen laré-laré sekolahan andap wonten ing paredèn Moesja (Formoza tengah), nanging ladjeng kedatengan tijang saking wana kiwa tengen ngrikoè sami mbekta pedang, toembak lss., anoegeli goeloenipoen tijang djaler, èstri, lan laré-laré ingkang seneng-seneng waoe. Ingkang wilodjeng namoeng 48.

DJERMAN. Pogokan.

Aneta Radio saking Berlin njarijosaken: Golongan kaoem berah metaalbewerker ingkang mogok, neda soepados pogokan boten kaladjengaken. Angkahipoen wiwit Djoemoe-wah tapoek njamboet damel malih, mawi predjandjan: sadèrèngipoen wonten poetoesan saking arbitrage-raad, kaoem berah kedah kabajar kados blandja sadèrèngipoen mogok.

Golongan pogokan komisaris, teroes ambembangoes soepados pogokan kaladjengaken kémawon. Tijang sadasa éwonan badé dados kantanipoen golongan radikal ing nginggil.

Kasangsaran anggegiris.

Tilgram tanggal 21 Okt. njarijosaken pamelikan areng sèla ing Alsdorf satjelakipoen Aken andjebloeg, adamel tiwasipoen djiwa pinten-pinten atoes ingkang sami njamboet damel wonten salebeting pamelikan. Majit 258 kakoeboer dados satoenggal. Tilgram tanggal 25 Okt. njarijosaken pamelikan ing Maybah oegi ndjebloeg, mangka ing nglobet wonten tijangipoen njamboet damel 120, ingkang saperangan ageng inggih pedjah. Bangsa Djerman pantji saweg kodjoer.

BRAZILIÈ. Kraman.

Paréntah federal Braziliè, rebah, Presidèn dr. Washington Luiz Pereira de Souza dipoenpotjot, katahan wonten bètèng infanterie. Semanten oegi minister Perang lan vice president-senaat katahan. Pamoelangan militèr kala semanten toemoet mbangkang. Djéndral De Castro ingkang waoenipoen ngéloni regeering, mbalik! Papréntahan samangké katjeping golongan kraman.

Baita „Boden” gadahanipoen Djerman kala 25 Okt. kènging gronaat wonten satjelakipoen Rio de Janeiro. Tijang ingkang noempak baita waoe, ingkang katah tijang Sepanjol, pedjah 21, tatoe 71. Prakawis poenika samangké kaeroes. Bokmanawi wonten boentoetipoen pandjang. Paréntah ènggal ing Braziliè neda soepadoslelampahan poenika sageda kaeroes tjara bedamèn.

TIONGKOK. Dados Kristen.

Presidèn Tjisiang Kai Sjek ngrasoek Agami Kristen Protestan golongan Methodisten.

ONDERWIJS.

BAJARAN SEKOLAH ING PAMOELANGAN ANGKA II.

Ing ressort schoolopziener P. W. R. II, wonten serat ideran ingkang dipontapak asmani pandjengnipoen S. O. lan sekretaris Inl. Sch. Comm. Tjk. Menggah soeraosipoen, soeka antjer-antjer dateng mantri goeroe angka kalih anggènipoen netapekan bajaran, jèn wonten moerid mlebet. Tariefipoen makaten:

Jèn pamedaling tijang sepoehipoen ing sawoelan,

- I. — f5 — angsal gratis.
- II. — f6 — f15 mbajar f0,15.
- III. — f16 — f25 " f0,25.
- IV. — f26 — f50 " f0,50.
- V. — f51 — f75 " f0,80.
- VI. — f76 — f100 " f1,25.

Pranatan poenika kanggé ing res. Tjk. soepados para m. g. nganggé pranatan ingkang sami.

Gegandengan kalijan prakawis nginggil poenika, pamanggih koela makaten:

a. Angka-angka nipoen laras; oendaoesoekepoen saé, roentoet.

b. Nanging ing praktikipoen, meksa rekaos anggènipoen hindakaken. Djalarn, limrahipoen sadèrèk padoesoenan, jèn dipontakèni pamedalipoen, sabinipoen, tjekak kasoegihanipoen, ratjak sami boten poeroen blaka. Mangka mokal jèn para mantri goeroe saged soemerep tjeta dateng kawontenaning sadèrèk doesoan.

Ingkang poenika, koela gadah pamrajogi, soepados panampning moerid ing pamoelangan angka II poenika sampoen ngantos namoeng kaborongaken dateng mantri goeroe. Para loerah doesoan ingkang gadah bawah, prajogi mbantoe. Awit ingkang mangertos terang dateng pamedal lan kasoegihanipoen sadèrèk doesoan, poenika namoeng loerah saprabotipoen. Prakawis poenika badé kelampahan angger para B. B. ambtenaar (ass. lan Wedono) karsa mbijantoe; tegesipoen: karsa ndawoehaken dateng para loerah lan prabot. Awit koela soemerep terang: jèn para B. B. katah ingkang boten madoeli dateng panampning moerid - moerid ing pamoelangan. Roemaos boten gadah koewadjiban, boten perloe tjampoer - tjampoer. Ingkang makaten poenika pamanggih ingkang klintoe sanget. B. B. ambtenaar perloe kedah tjampoer kalijan panampning moerid - moerid, awit ingkang ngertos dateng gesang ingkang doesoan namoeng B. B. lan prabot doesoan. Dados saé sanget, jèn saben tanggal 1 Juli (nampi moerid), laré ingkang mlebet sakolah kairinga tijang sepoeh, lan prabotipoen. Sokoer bagé jèn ingkang ass. oet. Wedono karsa mbijantoe nenggan.

Nanging weling koela wantos-wantos, prabot oet. B. B. ambtenaar, sampoen ngantos mijagah oetawi meksa tijang, soepados mbajari ipoen katah, jèn pantjen tijang sèkèng.

c. Padamelanipoen mantri goeroe mindak rekaos, awit saben wonten laré mlebet, kedjawi damel staat bijl. II, oegi kedah damel staat, ingkang nerangaken pamedalipoen sadèrèk ingkang nglebetaken anakipoen. Oepami saking pamedal sabin, tegil, radjakaja lsp.

d. Kanggé pamoelangan vervolg, pranatan ing nginggil poenika meksa pating brendjoel, amargi laré ingkang mlebet mriko (tamatan pam. doesoan) sampoen koelina boten mbajar. Dados limrahipoen kapeerih mbajar a f0,15 kémawon pating brekoeh. Mangka ing pangangkah; manoet serat ideran saking Dep. O. en E. tg. 11-6-'30 No. 19160/0 bajaran moerid pam. angka II dipoendawoehi nginggahaken, ngantos a f0,25. Nanging jèn ningali daftar nginggil wae, lan pamedalipoen kantja doesoan, kados rekaos katinggahaken.

e. Amrih roentoetipoen, Inl. Sch. Comm. sampoen namoeng tansah pitados dateng mantri goeroe. Awit para mantri goeroe, anggènipoen netapekan bajaran namoeng waton kinten - kinten. Dados jèn kintenkinten wae lepat, mesti wonten ingkang rekaos. Saged oegi ingkang mbajar, saged oegi ingkang nampi bajaran.

Mantri goeroe masti roemaos sebel, jèn ing toetoeapan woelan katah ingkang dèrèng mbajar, awit blandjanipoen sampoen kapotong. Djalarn saking poenika kados boten nggoemoenaken, jèn wonten m. g. ingkang anggènipoen netapekan bajaran, namoeng waton gampil panarikipoen; oetawi kadjarag kasekedikaken. Mila sekretaris Inl. Sch. Comm. kedah moelat, sampoen ngantos namoeng angger tèken. Awit koela dèrèng naté soemerep secr. sch. Comm. ngéwahi bajaran, ingkang

kavoerist déning m. g. Limrahipoen inggih namoeng accord.

Mila nama sampoen mapan, déné sekretariaat Inl. Sch. Comm. kapasrahaken dateng Wedono; djer poenika ingkang kedah ngertos dateng gesang ingkang doesoan. Dados jèn netapekan bajaran inggih saged tjèples. Nanging koela roemaos éman, jèn Wedono Secr. Inl. Sch. Comm. wae, namoeng dados toekang tèken kémawon.

Wasana panjaroewé koela sakedik poenika, dados tetimbanganipoen para ingkang kawogan.

Koela: **TJOBOL**
Bagelèn.

KOEROESÉTRA.

MALAISE??? — ECONOMISCH???

Para sedèrèk!

Pandjengnipoen priksa ing poendi-poendi panggènan kepireng pasambat lan panangis moegi ketaman pedang ing bezuining. Polahing tetijang anggènipoen pados panggoengsad kados gabah dipoeninteri.

Ngrika sambat kendil kotong margi boten saged angsal padamelan, ngriki mbengok kaajak-ojak singkèk mending djalarn boten saged njaoer. Sawenèh tenger-tenger ngrasaken boebroeking daganganipoen, pepadangan boten mingsra. Wonten ingkang sampoen dipoenréntjangi adoes kringet awratipoen dipoen-tangisi anak semah, sareng badé ngandoeh pitoewasipoen djeboel namoeng nampi boengkoesan gen-dis; poenapa badé kaentoet?? Sigeg.

Éwasamanten jèn koela ningali kawontenaning kawoela ing kita Soerakarta (Bokmanawi sanès panggenan inggih) kepeksa gèdèg-gèdèg goemoen.

Djer djaman sampoen mekaten, bok katah ingkang sadjakipoen boten merdoeli, boten maèloe boten giris soemerep toemléraming pedangipoen Sang Singanegara ingkang ambeg pedjah.

Anggèn koela wani matoer makaten djalarn njipati pijambak. Tjebi kagalih:

± Tigang woelan kepengker polahipoen tetijang ageng alit noeng-sang ndjemalik dipoenréntjangi meres kringetipoen anggènipoen badé agedali Sekatènan; arebat oenggoel loemoeh kasoran; 7 dinten betetet tanpa towong, presasat sa Soerakarta toemplak blak. Sanadjan ingriki koela boten saged ngatoeraken, pandjengnipoen saged nggali sapinten tjatjahing glindingan pérak ingkang mawoet kaaboel-aboel.

Sekatèn telas: nanging gandèng kalijan wewahan 50 taonan dipoewontenaken 2e. Sekatèn 3 dinten. (31 Aug). Antawisipoen Sekatèn kapisan lan kakalih taksih toeroes wonten tetingalan saben daloe, lan boten towong tjatjahing para klintong ingkang awatak adji moempoeng.

Kotjap taksih salebeting raméramé ketoengka datengipoen koemidi „Carnaval”. Pinten dinten? (± 10 dinten).

Ragi menda anggènipoen pating pringis kraos ndjarem kasalak kedatengan sobat lami „Opera Dardanelle” mèh kalih minggoe. Dardanelle mengker tanpa gantalan dinten son-teniipoen kagantos „Opera Miss Ribboet.” Lha wiwit poenika kawontenaning kawoela riboet pijambakan. Koela njatakaken kanti mripat kalih pisan nalika bikak sapisanan saweg djam 8 kartjis saroepejah mengandap bablas. Saking tinresnan ing publik pantjenipoen sampoen késah meksa dipoendoer sawatawis dinten.

Taksih raméraménipoen tanpa sraba-sraba „Circus” katjassanipoen bangsa Tiong Hwa ndatengi tjalon 5 dinten.

Sadèrèk! Nitik wontening tingalan sambet sinambet pandjengnipoen saged nginten-inten ombjaking ngakatah.

Saged nginten-inten oegi sapinten aosing arta ingkang kasebar. Nitik katahing penonton, saged nggagapi oegi memananan lan tékadipoen kawoela ing Soerakarta. Ingkang koela atoeraken wae dèrèng ingkang tingalan tetep. Saben daloe gedong Bioscoop tetiga tansah kebak. Tama Sriwedari kaping 4 saminggoe boten naté sepen penonton. Saja nalika kedatengan tingalan „Bali zee-tuin.”

Doemoegi semanten kita jakin bilih salebeting djaman malaise mawarni - warni rékanipoen badé ngopados panggesangan. Jakin oegi bilih boten sakedik ingkang sami dèrèng mengertos oetawi boten poeroen mangertos dateng goenanipoen ekonomisch, ingkang toemoesipoen sami andjog ing djoerang kasangsaran.

Sadèrèk! Ingriki goemoen koela kepeksa koela lebetaken malih. Poenapa ingkang wadib priksa kawontenan mekaten boten nggalih dateng tjalon kasangsaraning rajat???

Poenapa dèrèng priksa bilih tangganipoen Ngajodja nalika badé ka-

wontenaken peken malem kepeksa noelak? Margi poenapa? Margi ngertos lan wadib ngrembag rahadjing kawoela.

Wasana moegi dados penggalihanipoen para ingkang wadib. poen dahwèn

L. J. HÉRWANA.

KASARASAN.

SEMUE PEDJAH.

Sinten tijangnipoen ingkang boten soesah, manawi dèrèng pedjah sa-èstoe, namoeng semue pedjah, mangka badé kakoeboer!

Wonten tjertjiosan: tijang semue pedjah nanging kakinten sampoen pedjah saèstoe, djer sampoen boten ambegan, sampoen boten saged ébah poenapa, tijang wae ladjeng dipoendoesi, dipoenoesi, dipoenlebetaken ing kloewat. Tijang ingkang semue pedjah ngertos dateng sadaja wae, mireng pawitjantenanipoen tetijang, ananging badé ébah boten kongang, badé njoewanten boten saged.

Mesakaken, manawi sampoen wonten nglebet koeboer, ladjeng saged ébah, saged bengok-bengok, nanging sinten ingkang badé tetoeoeng?

Prakawis semue pedjah poenika bokmanawi ing tanah Djawi kerep kelampah, amargi ngadat énggal-énggal pangoeboeripoen. Éndjing pedjah, sinten kakoeboer.

Goegon toehonipoen tijang Djawi „wong mati ikoe jèn sing ngiring wis loenga pitoeng petjak, bandjoer loenggoeh, ditakoni karo malaékak” poenika bokmanawi kabekta saking soemerep djrangkong - djrangkong ingkang sareng kadoedoek malih, béda mapanipoen, woenipoen mloemah, sapoenika miring oetawi mengkoereb. Dados bokmanawi tetijang wae semue pedjah, kakoeboer.

Njaroewé-goegon toehon ing nginggil poenika. Poenapa malaékatiipoen

VAN LITH-STICHTING

Poenapa woelan poenika
pandjengnipoen sampoen
ngintoenaken

CONTRIBUTIE

kanggé
V. L. S.
?

Peningmeester V. L. S.
p/a 2e. Convict
Moentilan N. I. S.

boten bingoeng anggènipoen ngé-tangi petjakan? Petjakanipoen sinten? Oepami ingkang lajat tijang tigang atoos, poenapa késahipoen sareng sadaja? Saged oegi ingkang satoenggal sampoen késah satoos petjak, satoenggalipoen gangsal petjak, satoenggalipoen malih taksih tangoek-tangoek. Mila goegon-toehon poenika genah boten pinanggih ing nalar.

Tandanipoen tijang semue pedjah poenika kados-poendi?

Terkadang ngertosipoen dateng semue pedjah poenika kapoedjog oepaminipoen; anggènipoen pedjah katawis njlenèh, ngantos tetijang adrih badé ngoeboer, oetawi wonten péranganing badan ingkang taksih bentèr, mangka sanès-sanèsipoen sampoen asrep, kados ingkang sampoen naté kelampah ing Missie tjelak Poel - lèr. Wonten tijang pedjah, dokter sampoen nekseni jèn pedjah saèstoe, nanging zuster ingkang kapatah ngolesi manggih péranganing badan ingkang soewaoe katoetoeapan sekapoelir, poenika taksih kraos anget, mila zuster wae neda inah, ingkang pedjah sampoen énggal-énggal kakoeboer. Dokter sakawit boten ngilani, nanging dangoe-dangoe ngawon. Ingkang pan-tji namoeng semue pedjah bokmanawi saking bingahipoen, teka ladjeng ébah. Masti kémawon dokter lan zuster toewin tijang sanès sami bingoeng, ngoedi sagedipoen ingkang semue pedjah, gesang malih. Manoet kabar, tijang wae saèstoe wangsoel gesang kados wingi-wingnipoen malih.

Wonten ingkang kanggé nanda, nanging boten kénging kaetjakaken, djalarn moerogaken pedjah, inggih poenika ing prenahing djan-toeng dipoenlesep djaroeman (dom). Mangké jèn dom wae kraos kasondol, tanda jèn tijangipoen taksih gesang. Nanging kawoeningana, dom wae saged natoni djan-toengipoen, woesana ndjalari pedjahipoen.

Manoet Dokter Canière ing Parangkak rékanipoen nanda gampil sanget toer boten andrawasi. Tijang ingkang kakinten semue pedjah kabektaa dateng sentong (kamar) peteng. Ladjeng njoemeda lilin. Tanganipoen ingkang pedjah katjelakna oeroebing lilin sarta dipoentawangaken. Manawi daridjiniipoen taksih katingal abrit (amargi rahipoen taksih gesang) poenika tanda tijang wae taksih gesang. Manawi katingal tjemeng, tanda sampoen pedjah.

Panggoegahipoen kados-poendi?

Ing Afrika sampoen naté wonten tijang semue pedjah. Pedjahipoen sampoen woloeng djam, nanging sawenèhipoen wonten ingkang nginten dèrèng pedjah, mila tékadana kabekta dateng Pastoeran. Rama Pastoer moendoet geest van salmiak. Gendoeleipoen kabikak, ladjeng bolonganipoen dipoenprenahaken ngandap iroeng, sarta ngiras dipoenombèni satètés mawi dipoenwori toja. Boten let dangoe, djantoengipoen kedoe-kedoe, woesana ladjeng saged ébah, tjantenan sarta gesang malih.

Tjebi para maos, jèn wonten tijang pedjah bok rékanipoen Dr. Canière poenika katindakaken. Béndjing jèn salira pijambak ngadjal oegi moegi wontena ingkang nanda: semue pedjah poenapa saèstoe pedjah. Jèn namoeng semue pedjah, tjaranipoen Rama Pastoer poenika kaetjakna.

JÈN KOBER.

KOEROE SÉTRA.

GAWAT AWAS!!!! SAMPOEN GOEMAMPIL!!!!

Gegandengan kalijan karanganipoen kangmas Trenggana ing Sw. T. no. 35 tg. 29 Aug. 1930 ingkang atitel: „Firma R. Ogawa njebar...!!!” Moegi kilana njaosi oedoe-oedoe sawatawis, bokmanawi wonten goenanipoen, déné jèn boten inggih mangga sakarsa, moehoeng dadosa waosan kémawon.

1e. Firma R. Ogawa njebar prijsvraag wae boten lija namoeng soepados laris daganganipoen — alias sageda angsal bati katah-arta metoe toek — poenika njata — leres — sanget! Poenapa wonten actie sanèsipoen? Koela kinten teka boten! Sampoen djamak limrahipoen jèn tijang nedya pados katahing banda boten nolèh kiwa tengen roemijin, poenapa ta actie, lamphipoen wae adamel toena dateng sanès oetawi dateng bangsa. Babar pisan boten dipoen-èngeti, èstining manah, angger akoe olèh doewit rak ja oewis ta! Ja masa bodoa kono!

Wonten kadang kita ingkang badé ngrembag Firma R. Ogawa, nerangaken bilih tindakipoen wae.....? Koela — mangajoe bagja sanget jèn wonten ingkang wani — poeroen kangèlan nerang-nerangaken dateng Firma kasebat, sampoen ngantos tindak poenika keladjeng-ladjeng ingkang saèstoe ngrisak dateng kasoelianipoen laré: Koela memoedji sageda wonten wohipoen.

Nanging poenapa Firma kinteniipoen maèloe dateng rembag poenika, djalarn poenika wae inggih golongan poelitiking dagang, maldjengaken dagangan, ngebaki sak — noewoeki — wasana teka dipoen-èngetaken poenapa dipoenalang-alangi! Jèn kersanipoen mekaten, mangké sedèrèk wae bokmanawi boten dipoenpaèloe, margi Firma boten saged laris; kedjawi ta jèn sedèrèk kita (Katholiek) jèn moendoet poenapa-poenapa mriko, kanggé lintoe kapitoenènipoen (Toer dèrèng temtoe kapitoenèn). Wis Firma, kowé adja njebar kaja ngono manèh, akoe sakantjakoe kabèh, sagoeh toekoe barang-barang ing tokomoe samangsa boetoe!! Lah jèn ngaten mangké manawi katah oetoeipoen.

Kersanipoen sedèrèk mekaten poenika pantjen njata oetami; ndjagi dateng kasoelianing anak-anak kita, nanging tan kotjapa, sareng ngrikoe (Firma) boten maèloe dateng kasoelian; oepami maèloe poenapa kelampahan kados mekaten? Kowatos koela mangké gèlo - gèlo angsal prengoet oetawi èsem ingkang ketjoet. Rak kotjoer; mangké gèlo malah dipoenoeoman-oeman: „Kasoelian koewi rak boetoehoe, boetoehoe rak doewit! Angger akoe wis olèh doewit akèh wis trimal Déné bab prekara roesaking kasoelian ikoe rak goemantoe mengjang wong toewa, goeroe lan botjahé! Jèn pantjen wong toewa, goeroe ngoedi betjiking kasoelian, rak ja koedoe ngreksa momongané, adja nganti ketoe-laran ala, srana ndeleng gambar sing ala oetawa matja boekoe ala. Akoe gelem ngilangi — nanging kowé koedoe mènèhi kroegian! Gelem apa?! Tjoba ta delengen, jèn pantjen kowé ndjaga kasoelian, teka moeng akoe sing diemoetaké, bareng kaé delengen ta ngarep Gréda Katholiek gambar kaja ngana, pasar Pon madep ngidoel, Kebon Radja

pendak malem minggoe ana wajan oewong teka ora korembog jèn koewi oega ngroesak kasoelian! Malah botjah-botjahé diadjak ndeleng wé djé! Ora soesah ngrem-boegi akoe baé, nèh pantjen kowé nedya ndeder kasoelian mangsa wegaha noenton noetoei momonganmo soepaja adja roesak kasoeliané. Tjoba. jèn njata kowé peng-pengan, mesti bisa moelang moeroek momonganmo tanpa njaroewé enggonkoe gawé advertentie!”

2e. Goeroe Missie lan momonganipoen. Sampoen samestiniipoen jèn pendjengnipoen kedah amerangi sadaja poenika wae. Jèn boten kersa amerangi ateges pendjengnipoen sadaja ngratjoen dateng poetra-poetra pendjengnipoen, djalarn oepami mangretos jèn poenika awon boten karsa malangi oetawi nerangan awonipoen dateng laré. Kanggé sekolah Missie sampoen wonten wekdal kanggé ngrembag bab kaetamèn. Jèn boten kesoepekan kados seminggoe 1½ djam, sampoen kobèt sanget wekdal semanten; lan saged mendet salebetipoen moelang maos, njerat, nggambar dipoendogèngi ingkang nenarik dateng kaetamèn. Déné anggènipoen merangi kados-poendi? Gampil kémawon sedèrèk. Kanggé Solo ngriki sampoen madjeng dateng pamoelangan. Dados jèn pendjengnipoen sadaja telatos ndeder kasoelian wiwit klas I doemoegi klas V sampoen tjekap, srana mantjahi ingkang lepat lan nedahaken ingkang leres. Langkoeng saé malih samangsa dipoenrembag kalijan tijang sepoehing laré. Menawi goeroe lan tijang sepoehing laré sami toemandang, boten kelampahan growah kasoelianipoen. Soemangga dipoentandangi ta! Jèn namoeng goeroe tok, boten saged marem-aken, béda jèn sarembag lan tijang sepoehipoen!

3e. Hoofdenbijeekomst! Kanggé koela jèn hoofden sekolah Missie, oetawi hoofd ingkang Katholiek roedjoek, lan inggih malah wadib. Sareng golongan ndjawi. — Kanggé koela pijambak mangoe - mangoe; boten gampil, gawat kaliwat-liwat. Djalarn angèngeti bilih ingkang dipoentengenaken ratjakipoen namoeng verstandelijke lan lichamelijke opvoeding, nanging Zedelijke opvoeding boten patos dipoenpaèloe. Kanggé kita Katholiekken amerlokaken dateng Zedelijke opvoeding, dados ateges kita kedah amerangi tindak poenika wae, srananipoen kados ing nginggil.

Lan malih para sadèrèk! Kados-poendi ta sagedipoen moelangaken lan ngalang-alangi, djer jèn goeroe pijambak boten mangertos lepat poenapa leres. Oepaminipoen anak misoeh, menganggé moebra - moebroer, seneng nenonton, seneng djadjan, seneng goroh, saged oegi ngertos jèn tindakipoen wae lepat, nanging jèn namoeng dipoenapoesi „ikoe loepoet lé” tanpa katerangan ngantos doemoegi dasar, oedipoen pisan, moerid oetawi anak boten patos pitados, bokmanawi inggih poeroen nglampahi, nanging tjeplosipoen dèrèng mangertos saèstoe. Kados déné tijang sepoeh - sepoeh menging anakipoen sampoen neda broetoe, sampoen nginggih bantal, enz. sampoen namoeng dipoenapoesi ora énak, mengko menèk woedoenen. Kedah katerangan poenapa maknanipoen. Jèn ngertos èstoe koela kinten boten poeroen nerak.

Kanggé koela pijambak ngetjoelaken rembak kasoelian (ngrembag kasoelian) kalijan golongan ndjawi boten wani, djalarn ngrikoe boten betah dateng kasoelian, lan bokmanawi ngewrat-ewrati sesanggenipoen. Malah-malah mangké inggih dipoenèsemi ketjoet. (boten diasem ketjoet lo.) Anggèn koela matoer mekaten poenika djalarn koela sampoen njipati, sareng kanggé sadèrèk missie sapérangan ageng dèrèng pira, djalarn dèrèng kempal (njamboet damel wonten Goeperman) Dados awas!!! Kawontenan Missie lan Goeperman beda sanget. Missie nengenaken Zedelijke Opvoeding Goeperman malah terkadang boten dipoenrembag. (Red.). Dados saoeami pendjengnipoen gèdalaken actie wae, bokmanawi sami nggrondjal, leres toedjoean saé. Nanging kedah èmoet, barang saé kedah dipoendjoengaken dateng tijang saé oetawi tijang ingkang ngarah dateng kesaénan, jèn dipoensoekakaken tijang awon oetawi ingkang boten ngertos ing saé, tinampi awon oetawi masa bodoa. Lo, sampoen kelentoe tampi sedèrèk, mangké gèk dipoen-galih koela Katholiek Goeperman boten ngrembag dateng kasoelian! Kanggé koela pijambak boten oemoek, koela gatosaken saèstoe, inggih sagedoek - gadoek koela, boten bosen nedahaken margi dateng kaetamèn (kasoelian).

Ngentjengaken tindak ingkang lepat; djalarn koela mengertos, kedjawi poenika sampoen wadjiipoen goeroe, badé maèdahi dateng

negari, mewahi karta rahardjaning pradjah. Ewadéné senadjan mekaten radi katah ingkang boten nggatosaken, kabekta saking boten saged (ngertos) lan roemaos kawraton margi badé kawelèh-welèh tindakipoen ingkang sisip. Koela atoeri nggagapi pijambak mangké rak...! Wasana jèn wonten lepat koela moegi paringa pangaksama.*

koela bapaking moerid
Goepermènan
TJIPTAMAJA.

VARIA.

ESLILIN.

Sw. Tm. no. 43 martosaken. Assisten-Wedana Wedi (Regentschap Klatèn. Èslilin) djiwanipoen ±25.000; pagantosan Gouv. 1 pagantosan Djawi 7; bank doesoen dienst 3; bank doesoen gadahanipoen tjang Djawi 14, Tionghoa méndring ± 15. Èslilin kaparenga mboemboni malih para moeda ing ressorat A.W. Wedi, ingkang remen lan mepeng sinaoe 98 percent para moeda Katholiek. Boektinipoen: wedalan H.K.S. 2, Kweekschool Moentilan 5, N.S. Moentilan 8, N.S. Ambarawa 4. Ingkang taksih sinaoe P.A.M.S. Moentilan 2, Seminarie Ngajodja 8. Déné ingkang sami wonten Mulo of N.S. Ambarawa sarta H.I.S. djaler èstri boten saged matoer. Èslilin ngadjeng-adjeng wontenipoen pastoor, Mr., Dr., lan Ir. wedalan saking Wedi.

Sapoenika kaparenga niti kawontenan ing Wedi wiwit taoen 1920 doemoegi sapoenika 1930, dados ing dalem 10 taenan makaten. Nitik katahing pegantosan Djawi lan bank Djawi lan Tionghoa mindring genah Wedi poenika tjaranipoen negari gemah ripah loh djinawi. Sadjakipoen panggenan gendis tandanipoen karoebeng ing semoet. Kala djamanipoen Èslilin alit, tokotoko ing sakanan-kéringipoen peken Wedi mèh sedaja gadahanipoen sadèrèk Djawi. Toko Tjong Hwa kénging kapétang djitoes. Nanging sapoenika kénging winastanan kinonosok-wangsoel, dagangan lan sesadéjan poenapa kémawon katjépeng ing bangsa Tjong Hwa. Leres kanggé regentschap Klatèn, Wedi sampoem kaloka panggenanipoen tjang soegih, namoeng sadjatoipoen kénging dipoenwastani oegi panggenanipoen tjang mlarat.

Èslilin kapeksa saja atis, sareng mireng bilih pasitèn ingkang toeroet margi ageng (1e klas) saja nggregoet anggènipoen sami kadarbé ing bangsa asing, oetawi jèn kaeodja: mili dateng kaeom banda - bandoe. Ing Wedi wonten pentolan namanipoen M. Moeljasoepraba, manawi tjang ngrikoe mastani Galgendoe, kabekta aslipoen saking Koetagedé ing Ngajogjakarta. Manawi kirang waskitanipoen sadèrèk ing Wedi ingkang sami mlarat toer tjelak margi ageng adakan dateng peken, sarta ingkang wadajib ngasta tradjoe mas, pasitèn tjalon kagoeloeng dados satoenggal. Ing sawétaning peken wonten toko Tionghoa ageng, manawi tjang ngrikoe mastani Bah Da Hèk. (Kados - poendi panjeratipoen lan asal-asalipoen paraban wao Èslilin boten terang. Djalaran nalika Èslilin poeroeti ngoepados kawroeh toko wao dèrèng wonten). Sapoenika pangloenipoen toemas pasitèn mangétan lan mangidoel sadjak nggelar lampit goeloengan kantoen nggoeloengaken kémawon.

Para mao sampoem sami nggoedjeng doepèh poen Èslilin ingkang ireng toenteng, djalaran poen koki nalika masak katjamperan soklat, koema poeroen tjawèl - tjawèl bab pasitèn sadjakipoen ngertos dateng A. Z. (Agrarische zaken). Mula Èslilin boten pantes dados daharanipoen para prijantoen, nanging gadah pangadjeng - adjeng bok inggih para djempolan Indonésiers sami nanggapi panangisipoen Èslilin poenika. Rèhné Èslilin sampoem ngroemaosi boten mangertos babar pisan dateng bab A. Z. mila kapeksa tangisipoen kabanteraken, wedaling eloch mabèbèr wonten ngarsanipoen para mas.

Ing reg. Klatèn wonten prijantoen A.W. ingkang djempol saèstoe, kala woelan Augustusan poenika djoemeneng Wedana, dasar trahing ngawirja poetoes ing sastra, (wedalan opleiding ladjeng neroesaken dateng bestuurschool) ngrembag sanget dateng kawoela. Kados poendi? Pangrembagipoen kawoela toemrapping pasitèn, boten badé nggegampil bangsa kaoem banda lan bangsa asing, ngirik - iriki pasitèn ingkang sami tjelak peken, badé katoembas; samanten oegi ndoeng - ndoengaken dateng kaoem papa, sampoem agahan, jèn ta soemerep tjèlèrèt sarta krintjing ringgit. Pandjenanganipoen bendara wedana wao sampoem kawedal pangandikanipoen,

* Tjang kedah boten sepi ing ichtjar! Kadang Solo, sampoem ladjeng nglokrol Red.

manawi bangsa kaoem bandalan asing kaeodja noembasi pasitèn ing papan redja, boten sandé pasitèn temtoe dados gadahanipoen tjang satoenggal. Mangga kapanggaliha, ladjengipoen papa kados poendi? gampil anggèl tjang toemas pasitèn poenika sadjatosipoen doemoenoeng wonten ing poendi?

Lésanpoera

Taklim koela ESLILIN.

SINTEN PIRSA?

Para sadèrèk mesti inggih sampoem sami ngalami oetawi pirsasangga tepalih ingkang sami kagoengngan ajam ingkang kaparag ing sasakit kados ingkang sampoem kalimrah. Ratjak ing poendi-poendi ajam waoe mangap-mangap roemijin, sakedap-sakedap ngombé woensana ladjeng ngiler lan tindjanipoen èntjèr katjamperan toja. Sasakit waoe andrawasi sanget, amargi ladjeng toelar-toemoelar dateng ajam sanès. Katah kémawon sadèrèk ingkang kagoengan ajam 30, 40 oetawalangkoeing telas pedjah margi keparag ing sasakit waoe. Koela pijambak sampoem angalami ngingah ajam bangsa selangkoeing oegi sami kaparag ing sesakit waoe, namoeng kémawon kénging koela wastani wiloedjeng, sanadjan wiloedjengipoen waoe boten patos amaremaken manah. Ajam ingkang wiwit sakit ladjeng teroes sami koela djampèni mawi pil. Pil saginding koela dadosaken kalih oetawi tiga kanggé nedani rambah kaping samanten waoe. Amargi djampi poenika ajam koela boten ladjeng pedjah, nanging dadosipoen tjengenglang-tjengenglang, glijeran, lampahipoen moebangmoebeng boten saged noetjoe tedanipoen, ladjeng kepeksa dipoen-doelang. Anggènipoen kados makaten waoe langkoeng saking sawoelan dangoenipoen. Temtoe kémawon kados makaten poenika manawi kirang tlatos anggènipoen andjagi inggih telas pedjah kaliren.

Ajam poenika saking pamanggih koela boten sakedik pikantoekipoen. Ajam satoenggal saged nigan 15, 20 malah wonten ingkang ngantos 30 idji. Dados manawi pantjèn dipoen-santosani saèstoe ngingah ajam poenika oegi kénging kanggé panggoepadjiwa. Kadjawi saking poenika para prijantoen ingkang kasing-sal wonten ing redi, tebih saking kita saged tansah soedija lawoeh. Samangsa wonten kaperloean boten soesah trètèkan, tjepak njepeng ajamipoen pijambak oetawi mendet tiganipoen. Namoeng kémawon djaman samangké boten kénging dipoen-djagèkaken, margi saking sesakit waoe.

Pramila panjoewoen koela dateng para sadèrèk ingkang pirsas dateng djampinipoen ingkang tjespleng koela atoeri matjak ing taman Swara-Tama ngriki, sageda moerakabi ing ngakatah. Lan wasana panjoewoen koela doemateng ingkang wadajib karsaa niti-priksa prakawis poenika.

Noewoen

F. W. S. Hargapoera.

PAKABARAN

R.K. MULO DALAH INTERNAATIPOEN ING AMBARAWA BINERKAHAN.

Laré Pening martosaken: Rikala dinten Ngahad tg. 2 November '30 Institut St. Louis Ambarawa dalah dalemipoen para Broeder binarkahan.

Ingkang rawoeh ndjenengi: Pandjenanganipoen Rama Superior A. van Kalken, Broeder Superior, para Broeder Overste saking Semarang, Moentilan lan Ngajodja, T. Inspecteur de Munter (wewakiling Departement O. en E.), R.M.T.A. Amin Soejitna (Boepati Semarang, wakil B.B. Semarang), R.T.A. Hadinata (Boepati Koedoes) sakalijan garwa lan poetra I, R.T.A. Soekahar (Boepati Djapara), Rama-rama Pastoor: van Beckhoven, Minderop (President R.K. Weeshuis Semarang), Nolthenius de Man, Mathijsen, Rietra, lan Ruygok (Bestuur Canisius-Stichting), para Broeder katah sanget saking Semarang, Solo, Ngajodja lan Moentilan, wewakiling Architecten- en Ingenieurs-bureau, "Fermont-Cuypers," toewan Bumkens (ingkang kapasrahan nggarap jejasan waoe), dokter van der Werf lan dokter F. Ong Ki Hong, para wewakiling pakempalan - pakempalan Katholiek (Djawi lan Walandi) ing Semarang, para toewan-toewan lan njonjah - njonjah tjang sepoehing moerid - moerid lss.

Kéndel djam satengah sadasa éndjing para tamoe sampoem pepak, nglempak wonten ing pendapi ingkang pandjang wijariipoen 10 M. teroes dateng kapèl.

Wondéné ingkang mberkahi, pandjenanganipoen Rama Superior.

Sarampoengipoen mberkahi, para tamoe sami lenggahan wonten ing gymnastiekzaal, ingkang oegi nama toneelzaal.

Rama Superior wiwit medar sabda, mahjakaken renaning pangalihipoen, déné Institut St. Louis sampoem saged binerkahan. Gega-joeitan kalijan poenika Rama Superior ngandikakaken bilih wiwit Misie bebadra wonten ing Ambarawa sapriki sampoem wonten 10 taen. Wiwit nalika samanten pandjenanganipoen sampoem kagoengan karsa badé moendoet pasitèn dalah grijanipoen, ingkang sapoenika sampoem boten wonten margi kabibrah toemoenten kaedegan Institut St. Louis poenika.

Pandjenanganipoen ladjeng nerang-nerangaken, sapinten agenging internaat kados déné St. Louis poenika toemrap tanah Indonesia. Gegandèngan kalijan poenika Rama A. van Kalken maringi wawasan, tjara panggoela - wentah ingkang poendi ingkang saé pijambak, mawi ngandaraken kados-poendi wawasanipoen para sardjana Katholiek ing babagan paedagogie kados déné Dr. Hövre ing ngatasipoen prakawis poenika. Kateranganipoen selangkoeing tjeta, ingkang sami mirengaken katingal marem. Inggih systeem waoe ingkang dados gegaranipoen „opvoeden" para Broeder ingkang tinangganah ngasta St. Louis.

Saladjengipoen pandjenanganipoen Rama Superior medar sabda toemoedjoe dateng para Broeder; ngandikakaken, bilih salib ingkang sampoem tjemantèl wonten ing pendapi poenika oegi dados perlambang, sapinten awrating pakarjanipoen para Broeder.

Para tjang sepoehing moerid - moerid sami dipoenadjak, soepados poeroena njamboet damel sesarengan, moerih nggampilaken sesanggènipoen para Broeder.

Moerid - moerid sami dipoenadwoehi, soepados ngemen-emenaken anggènipoen sinaoe sarta nggatosaken poenapa pitedahipoen goeroe. Bèndjing manawi sampoem medal saking Ambarawa, soepados katingal, jèn tilas moerid St. Louis.

Sabakdanipoen Rama Superior Toewan de Munter, wakil Dep. O. E., toemoet memoedji, soepados Institut St. Louis ngedalaken woh ingkang moerakabi toemrap tanah Indonésia, sarta ing saladjengipoen sageda saja madjeng kawontenanipoen.

Pandjenanganipoen Broeder Ivo (Directeur ngrangkep Overste) medar sabda, soeraosipoen:

a. Nglahiraken gending panoe-woenipoen, déné para tamoe sadaja sampoem sami karsa merlokaken rawoeh.

b. Matoer noewoen dateng Rama Superior, déné sampoem karsa mberkahi Institut St. Louis sarta paring pangandika, ingkang mboektèkaken, sapinten anggènipoen ngaoesi pakarjanipoen para Broeder.

c. Matoer noewoen dateng Broeder Superior, wewakil Hoofdbestuur „Congregatie van de Broeders van de Onbevleete Ontvangenis" toemrap sadaja paringipoen pitoeloengnan.

d. Matoer noewoen dateng Inspecteur de Munter sarta noewoen karsaa nglantaraken atoer panoe-woenipoen dateng P. T. Directeur O. lan E.

e. Soeka panarimah dateng wewakiling Architecten-en Ingenieurs-bureau „Fermont-Cuypers" lan toewan Bumkens.

f. Ngandikaken, bilih salebetipoen woelan October sekolahanipoen sampoem kapriksa déning Inspecteur Mulo-scholen, sarta pinanggih saé. Malah sampoem tampi telegram saking Departement, bilih R.K. Mulo Ambarawa sampoem karsa mèkaken kalijan Mulo Goepermèn. (Kabar poenika dipoentampi kalajan keplok marambah-rambah).

g. Ngandikakaken, bilih laré-laré ngadjengaken barkahan poenika sami retrèt, ingkang noentoen padoeke Rama A. van Hoof.

h. Paring pitoetoer dateng moerid-moerid, soepados sami lestantoen ngemen-emenaken kados ingkang sampoem-sampoem.

Bibar poenika Rama Superior medar sabda malih, awit saking panjoewoenipoen tjang sepoehing moerid-moerid, soeraosipoen: nglantaraken panarimahipoen dateng para Broeder.

Sasampoenipoen moebeng-moebeng mirksani, para tamoe ladjeng sami bibaran, koendoer sowang-sowangan.

Sontenipoen ing internaat St. Louis ngwontenaken „gezellige avond". (Kabar pandjenengan koela tjekak. — Red.)

Wajoe nanging taksih étja.

Sampoem sawatawis dangoe, sad.: B. Darmawasita ing Setjang adada damel kempalan sinaoe *naboeh gansa*. Kempalan saged toemindak

saé, lan sampoem saged toemas gansa; sanadjan alit nanging radi loemajan.

Ingkang ngemoedèni kempalan poenika:

1. Sad. Darmawasita — goeroe bantoe, 2. sad.: Dwidjasoekarto, cand. goeroe, 3. Sad.: Tjokrowidjojo — Mantri Irigatie.

Gandèng kalijan kempalan waoe, ladjeng dipoenwonteni kempalan *Tjèlèngan*. Saben woelan apesipoen f 0,50. sedyanipoen kanggé toeloeng-tinoeloeng, jèn wonten preloe dadakan, tinimbang nabrak dateng *Kalih welasan*. Oegi saged saé; malah sampoem saged ngentasaken kantja ingkang kedjilowak dateng djoe-gangan Kalih welasan poenika.

Arta tjèlèngan dipoen-asta M. B. Sastra Soedjana Mantri goeroe. Djoeroe serat sad. Darmawasita. Lantaran kempalan kalih werni ing nginggil poenika, nalika tanggal 19 October poenika dipoenwonteni pepanggihan wonten ing pedapi kloerahan Setjang. Ingkang sami dateng prijantoen 26. Pepanggihan waoe ngrembag *Cöoperatie*. Sareng sampoem karembag ramé, saweg saged dados *verbruik cöoperatie*, ingkang roedjoe kanta 25; andeel kasadé f 5 kénging katjijil kaping 2.

Cöoperatie (verbruik cöoperatie) dipoen-asta; M. Partoetomo — con-ducteur N. I. S. kabantoe:

1. M. Mertodipoero — gep.: lijn-wachter — N. I. S.
2. M. Hardjaprawira — „ onder opzichter N. I. S.
3. M. Léman — „ Machinist N. I. S.

Pembantoe serat-serat: 1. M. Dwidjoekarto, 2. sad.: Darmawasita, 3. sad.: Tjokrowidjojo.

Atoeraning panjadé:

Saben tanggal 27 sadaja warga kedah sampoem maringi bon kabebahaning gegrija. Dados panoe-masing barang kabebahan saged nginten-inten, lan boten nando barang katah - katah. Djam 12 daloe kempalan katoetoep.

Tanggal 1 November arta mlebet sampoem f 125, tanggal 2 kanggé kekilak. Wangsoel kilakan kantoen ngdoem kémawon.

Manawi saged, badé dipoenatoer makaten saladjengipoen, moegi-moegi sageda widada, soeboer.

PRADJA RAHAJOE.

JORNALIST PANDAMELAN NISTA????

Ing wewengkon onder distrik N. wonten satoenggiling loerah hormat kapondokan tilas klerk. Mas klerk waoe wonten ing ngrikoe badé dados pokroel ngiras jurnalist. Mas klerk dèrèng ngantos nindakaken ingkang dados sedyanipoen A. W. ingkang ambawahaken sampoem mireng kabar kaseboet nginggil, A.W. ladjeng rawoeh kloerahan doesoen, ingkang doesoeh waoe oegi dipoen-anggèni loerah hoeremat ingkang kapondokan tilas klerk candidaat pokroel lan jurnalist.

Loerah hormat dipoentimbali dateng kloerahan, wosing rembag soepados p i j a m b a k i p o e n sampoem ngantos poeroen dipoenpondoki candidaat kaseboet ing nginggil, awit padamelan makaten poenika (pokroel lan jurnalist) padamelan nista, lan jèn pijambakipoen poeroen noelak ing semoe badé dipoenparingi . . . (mila panjerat matoer ing semoe awit boten blak, namoeng katitik saking oebeting pangandika ingkang oegi saged katjakoep déning ingkang dinawoehan).

Ing ngriki ingkang badé koela rembag bab anggènipoen A. W. mastani bilih pandamelan pokroel oetawi jurnalist poenika pandamelan nista.

Pokroel pandamelan nista?? Poenapa sababipoen??

Pradataning negari makaten, manawi ngadili namoeng srana nimbang-nimbang sadaja atoeranipoen ingkang dipoenadili kanti paseksènpaseksèn ingkang kasat mripat (lahir) dados oegi kerep kelampahan nanawi dawahing poetoesan boten ing sadil-adilipoen, liripoen boten saged trep menggahing kalepatan lan paekoemanipoen. Kajakinanipoen panjerat makaten waoe boten ateges mastani bilih toemindaking pradata boten ing saadil-adilipoen waoe krana katemaha, nanging krana sèkènging manoesa, djer manoesa poenika wasis dipoenkados poenapa inggih taksih saged lepat, oetawi klètaoe.

Para tetijang gadah prakawis (prakawisan) ladjeng mokoelaken poenika, ladjering toedjoe, soepados saged menang prakawisipoen, oetawi manawi ingkang mokoelaken waoe mila sampoem ngroemaosi lepat, sageda soeda pepikowaning pidana ingkang badé doemawaning badanipoen. Ingkang makaten waoe nami limrah lan boten awon.

Para pokroel poenika ratjakipoen manawi anggadhahi atoeran wonten ing ngarsanipoen pradata, saged pradah, tatau, boten gragap; dados atoeran saged tjeta; ingkang makaten waoe mestinipoen pradata mandar langkoeng rena, djer anggampilaken dawahing poetoesan ingkang saged langkoeng adil. Mila ing pradatanipoen bangsa koelit petak inggih dipoenwonteni apokat prodeo kanggé makili tjang ingkang dipoenprakawis. Ingkang makaten waoe mila tjantas lan bregas. Kawontenan poenika, pratanda manawi negari ndjagi moerih pangadilanipoen bangsa koelit petak sageda saé (timbang panradjoenipoen).

Poenapa ing pangadilanipoen bangsa priboeimi sampoem dipoen-sedijani apokat prodeo? kados ing pradatanipoen bangsa koelit petak? Dè — rèng poenapa boten badé dipoenparingi? Poenapa boten nami botsih? Lha bèndjing poenapa anggènipoen maringi? Poenapa doepèh tjang priboeimi sampoem sami mokoelaken? mokoelaken poenika mawi wragad; mangka tjang Djawi poenika ratjak mla — raat, sepinten ingkang sami mokoelaken? Poenapa manawi tjang mlarat boten preloe.

Mangga ndara A. W. poenapa nistanipoen pokroel? Éééé koela sanès parté candidaat pokroel kaseboet nginggil lo, koela namoeng badé ngretos gèk poenapa nistanipoen pokroel, kok inggih katah bangsa wasis ingkang sami djoemeng pokroel. Koela boten ngengkoki manawi tjang wasis poenika boten poeroen nindakaken padamelan nista. Nanging pokroel poenika pantjenipoen rak dédé padamelan nista.

Sapoenika pandamelan jurnalist kaanggep padamelan nista? Poenapa nistanipoen? margi anggènipoen asring ngarang (ngliraken pamanggih) oetawi ngabar-ngabaraken wonten ing serat-serat kabar? Wooo, hooo-ooo memelas poenika. Adjrih manawi pakarjan pandjenengan kabèbèr wonten ing serat kabar. Djalaran poenapa? Limrahipoen tjang poenika manawi roemaos sampoem netepi wadajib, roemaos saé tindak lan patrapipoen, roemaos soeka toelada ingkang prajogi dateng sesami, tentoe kanti bingah lan lega manawi kangertosana ing ngakatah. Menggah anggènipoen bingah kinantèn leganing manah, jèn kangertosana padamelanipoen saé lan anggènipoen netepi koewadjaban poenika, boten namoeng mèlik koentjara lan aroeming asma; nanging margi gadah pangadjeng - adjeng soepados kasaénanipoen waoe katiro ing ngakatah, ingkang toendonipoen saged noewoehaken karahardjan lan kaetamèn roepi?. Langkoeng malih manawi pangadjeng-adjengipoen prijantoen ingkang netepi wadajib lan soeka toelada warni-warni waoe saged kasembadan, saiba mongkok lan renaning pangalihipoen. Poenapa boten makaten?

Déné manawi roemaos boten netepi wadajib, saja manawi boten namoeng saromaos tok, liripoen boten netepi wadajib èstoe, lan soeka toelada awon oetawi nglampahi ingkang boten saé, poenika sanadjan boten kaserat ing serat-serat kabar, oetawi kawatros-wartosaken, inggih sampoem adamel koetjeming asma, mringkoesing pasoeerjan, roepaking djadjahan, koesoeting pasadèrèkan lsp.

Lhaa poenapa nistanipoen pakarjaning jurnalis?

Kados boten sakedik tjatjahing jurnalis ingkang misoewoer, asmanipoen ngganda aroem margi pakarjanipoen.

Sapinten gending pigoenanipoen serat-serat menggahing para kawoela lan pradja? Kados boten sakedik. Ing poendi-poendi nagari ingkang sampoem nami madjeng temtoe katah serat kabar lan para jurnalis.

Dados panjerat gadah kajakinan manawi pakarjan jurnalis poenika sepi ing kanistan.

poen H. Tjitra.

GOENA KRIDA DJAWI.

Kaseboet ing Swara Tama No. 39 — 41, jèn goena krida Djawi moendoer. Menawi koela ingkang mastani goena krida Djawi boten moendoer, nanging gesang, ndjamani: ingkang sampoem boten patos kanggé, temtoe soeda; ingkang saweg sami dipoenbetahaken inggih madjeng. Oepami ketjohan, widjikan, grabah saja awon, djer para prijantoen oetawi ingkang madjeng, boten sami nggantèn, jèn dahar mawi sèndok, grabah kedoesoek damelan mantja, jèn ta taksih dipoenmepengi rak toeni djer boten padjeng; makaten sasaminipoen. Nanging mblangko oedeng, motong, mendjait saja madjeng, djer poenika ingkang saweg dipoenbetahaken. Bok sampoem tansah ngritiek, njéda, nadjad, sanadjan opbouwende kritiek, namoeng tjang dipoenkritiek poenika sak boten-botenipoen inggih tateo manahipoen, aloewoeng ngalem soepados saja mepeng. Tjekak goena krida Djawi gesang ndjamani, wewah. Noewoen.

PASOPATI.